



DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT  
2014

# Pamekar Diajar **BASA SUNDA**

Pikeun Murid SD/MI Kelas VI

KURIKULUM 2013



**VI**

# Pamekar Diajar BASA SUNDA

Pikeun Murid SD/MI Kelas VI

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat  
Ditangtayungan ku Undang-undang

**Disklaimer:** Ieu buku téh diajangeun pikeun murid dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

## PANYUSUN:

Tatang Sumarsono  
Ahmad Hadi  
Ano Karsana  
Asep Ruhimat  
Darpan  
Dede Kosasih  
H. Dingding Haerudin  
H. Yayat Sudaryat  
Risnawati

## PENELAAH:

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.  
Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.  
Drs. H. Elin Syamsuri  
Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.  
Budi Riyanto

**Rarancang Eusi:** Yoshi Sukadar

**Rarancang Jilid:** Yoshi Sukadar

**Rarancang Gambar:** Toto

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3  
Aksara ngagunakeun Arial 12 pt - 18 pt.

Dipedalkeun ku:

**DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT**

ISBN: 978-602-1300-00-8 (Jilid Lengkap)  
978-602-1300-06-0 (Jilid 6)

**Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)**

# Pangbagéa

## KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggoning nyaosan impleméntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun téh aya dua rupi buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Éta téh mangrupa bagian tina pakét Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daérah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanés mung buku wungkul bagian éta Permendikbud téh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daérah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daérah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tétéla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagéan (*performance; behavior*). Singgetna mah éta unsur anu tilu téh bisa disebut kompetensi.

Kalungguhan guru dina posisi agén parobahan utama enggoning ngaimpleméntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotésis basajan, saupami guru kagungan kompetensi anu nohonan pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gé kalebet guru basa daérah deuih, tinangtos éta kurikulum bakal tiasa diimpleméntasikeun kalawan merenah.

Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompeténsi guru téh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarékah anu kedah kénging pangajén.

Muga-muga waé harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimплémentasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.



Bandung, Desember 2013  
Kepala Dinas Pendidikan  
Provinsi Jawa Barat,

**Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA**  
Pembina Utama Madya  
NIP. 19570807 198601 1 001



## KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng elemén-elemén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *standar kompetensi lulusan, standar isi, standar prosés, sareng standar penilaian*. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar teh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangkeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pamerakan saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.

Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten diantos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013  
Kepala Balai Pengembangan  
Bahasa Daerah dan Kesenian,



**Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.**  
Pembina Tk. I  
NIP. 196110051986031014

## Panganteur

Anu keur disanghareupan ku hidep téh buku Pamekar Diajar Basa Sunda. Ieu buku diajangeun pikeun sakumna murid di Jawa Barat, jadi buku babon pikeun pangajaran basa Sunda. Kabéhna téh aya 12 buku, hasil gawé tim panyusun anu meunang pancén ti Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Jilid I tepi ka VI pikeun murid SD/MI, jilid VII tepi ka IX pikeun murid SMP/MTs, jeung jilid X tepi ka XII pikeun murid SMA/SMK/MA/MAK.

Medalna ieu buku téh pikeun méré lahan ka sakumna murid anu diajar basa Sunda, kalawan harepan hidep sakabéh enya-nya ngamangpaatkeun. Ku diajar basa Sunda tina ieu buku, dipiharep kanyaho jeung kabisa hidep dina ngagunakeun basa Sunda bisa ningkat jeung nambahan. Lian ti éta, hidep jadi leuwih resep ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Éta mah naha di sakola, di lingkungan kulawarga, atawa di tempat ulin.

Meureun ti antara hidep aya nu tumanya, naha maké kudu diajar basa Sunda sagala? Naha naon gunana atuh? Jih, pangna diajarkeun di sakola ogé éta téh ku sabab loba mangpaatna dina kahirupan sapopoé. Anu paling karasa upamana waé urang bakal bisa komunikasi ku basa Sunda kalawan hadé tur merenah. Loba kauntunganana lamun urang bisa ngagunakeun basa Sunda téh, di antarana waé urang bakal nyaho jeung bisa neuleuman kabeungharan budaya Sunda. Apan budaya Sunda téh jadi bagian penting tina budaya nasional Indonésia. Salian ti éta, apan hidep di sakola diwajibkeun diajar basa Sunda. Meureun hidep tumanya deui, naha ari diajar basa Sunda téh babari? Jih, nya babari atuh. Jaba deuih resep.

Bieu gé geus disebutkeun, teu hésé diajar basa Sunda téh, komo deui pikeun urang Sundana sorangan mah. Dalah najan lain keur urang Sunda ogé sarua waé teu hésé. Ku kituna, hidep teu kudu ngarasa seungguh. Ulah tacan gé nanaon geus nyebut horéam. Anu penting mah

urangna sing enya-nya, boh enya-nya ngabandungan pedaran ti Ibu/ Bapa Guru, boh enya-nya dina ngapalkeun jeung migawé latihanana. Lian ti éta, kacida hadéna mun hidep getol maca buku-buku basa Sunda lianna, maca surat kabar jeung majalah anu ngagunakeun basa Sunda, atawa ngabandungan siaran radio jeung televisi dina program basa Sunda. Hal séjénna anu bisa dipigawé ku hidep nyaéta lalajo pagelaran kasenian Sunda.

Cindekna mah, sakali deui rék ditandeskeun, entong ngarasa sieun atawa horéam dina nyanghareupan pangajaran basa Sunda téh. Kapan heueuh babari, jeung matak resep deuih.

Geura ayeuna urang mimitian. *Bismillah ....*

Bandung, Oktober 2013

**Salam ti nu nyusun ieu buku**




# Daptar Eusi

## PANGBAGÉA:

Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat .....	iii
Kepala Balai Bahasa Daerah dan Kesenian Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat .....	v

## PANGANTEUR ..... iii

## PANGAJARAN 1: NYALAMETKEUN MAHLUK PAPADA CICIPTAN ALLOH ..... 1



A. Maca Jero Haté .....	2
B. Ngajawab Pertanyaan .....	4
C. Ngadiskusikeun Kandaga Kecap .....	4
D. Ngaringkeskeun Bacaan .....	5
E. Ngalarapkeun Paribasa .....	5
F. Nyaritakeun Eusi Bacaan .....	5
G. Mikaweruh Kecap Sangaran .....	7
H. Ngawih .....	8
I. Maca Dongéng .....	11
J. Nyaritakeun .....	13
K. Ngaregepkeun .....	15

## PANGAJARAN 2: KAHIRUPAN TURTA NYAAH BUMÉLA KA LEMAH CAI ..... 17



A. Ngaregepkeun Pupuh Durma .....	18
B. Ngajawab Pertanyaan .....	18
C. Ngalarapkeun Rarangkén Tengah .....	19
D. Ngabandingkeun Pupuh jeung Kawih .....	20
E. Nembangkeun Pupuh tina Wawacan .....	23
F. Maca Jero Haté .....	25
G. Migawé Pancén .....	28

## PANGAJARAN 3: TOKOH NU MANGGIHKEUN ..... 29



A. Maca Jero Haté .....	30
B. Ngalisankeun Jawaban .....	31
C. Ngadiskusikeun Kandaga Kecap .....	32
D. Ngaringkes Bacaan .....	32
E. Ngalarapkeun Kecap Rajékan .....	32
F. Ngabandingkeun Wangun /di/, /ka/ dina Kalimah .....	33
G. Ngalisankeun Sora .....	34
H. Maca Ngajembaran .....	36



I. Nulis Sajak .....	38
J. Ngadéklamasikeun Sajak .....	39
K. Nyaritakeun Deui.....	40
L. Maca Ngeuyeuban Pangajaran .....	43

#### PANGAJARAN 4: PANGARUH GLOBALISASI ..... 45



A. Maca Jero Haté .....	46
B. Ngajawab Pertanyaan.....	48
C. Ngalarapkeun Kecap .....	48
D. Maca Jero Haté .....	49
É. Nyaritakeun Deui .....	51
F. Néangan Harti Kecap.....	52
G. Maca Ngajembaran.....	54

#### PANGAJARAN 5: WIRAUSAHA..... 57



A. Maca Jero Haté .....	58
B. Ngajawab Pertanyaan.....	59
C. Néangan Harti Kamus.....	60
D. Ngalarapkeun Kecap Sawanda.....	61
E. Kecap tina Basa Arab .....	62
F. Maca Ngajembaran .....	62
G. Carita Narasi jeung Déskripsi.....	63
H. Maca Sajak .....	65
I. Maca Jero Haté .....	67
F. Migawé Pancén .....	70

#### PANGAJARAN 6: MIARA KASÉHATAN MASARAKAT ..... 71



A. Ngaregepkeun Biantara .....	72
B. Ngajawab Pertanyaan.....	74
C. Migawé Pancén .....	75
D. Ngabédakeun Biantara jeung Ceramah ....	75
E. Nepikeun Biantara .....	76
F. Nulis Biantara .....	78
G. Ngajembaran Kaweruh Biantara .....	81
H. Ngaharingkeun Kawih.....	82
I. Nembang jeung Ngaharing .....	84
J. Migawé Pancén Ahir .....	85

#### DAPTAR PUSTAKA ..... 86



# **NYALAMETKEUN MAHLUK PAPADA CICIPTAN ALLOH**



*Sumber: [infofaunadunia.blogspot.com](http://infofaunadunia.blogspot.com)*



## A. Maca Jero Haté

Urang téh kudu akur jeung papada mahluk, sabab papada ciciptan Alloh.

Geura urang baca leu di handap.

### Penyu Héjo



Sumber: [sentanaonline.com](http://sentanaonline.com)

Penyu téh nyaéta kuya laut. Nurutkeun para ilmuwan, penyu téh geus aya ti ahir jaman jura (145-208 juta taun kaliwat) rék saumur jeung dinosaurus.

Sanajan salilana aya di jero cai, sakali waktu mumbul ngarénghap. Penyu napasna ku paru-paru. Penyu ngalalana kacida jauhna. Tempat nu jauhna 3.000 km bisa disorang salila 58-73 poé.

Penyu jalu salilana hirup di laut. Penyu bikang muru basisir nyelang rék ngendog. Teu tulus ngendog mun kacaangan atawa kagandéngan.

Di dunya téh ngan aya tujuh rupa penyu nu masih hirup, nyaéta penyu héjo, penyu sisik, penyu *Kemp's ridley*, penyu lekang, penyu balingbing, penyu pipih, jeung penyu tempayan.

Penyu balingbing téh penyu nu panggedéna. Panjang awakna 2,75 m, beuratna 600 -900 kg. Penyu lekang pangleutikna, beuratna ukur 50 kg. Anu pangmindengna kapanggih mah penyu héjo. Kabeukina tutuwuhan jeung sato laleutik.



Sumber: [id.wikipedia.org](https://id.wikipedia.org)

Penyu beuki lila beuki ngurangan. Malah, kiwati téh geus méh tumpur. Éta téh lantaran mindeng kaganggu jeung habitatna ruksak. Upamana anak penyu kajaring ku pamayang (*nelayan*) atawa diala, terus diawétkeun, dijual keur kenang-kenangan.

Di basisir pakidulan Jawa Barat sok aya kénéh nu ngala endog penyu keur jualeun, atawa keur konsumsi. Dina sakali ngendog aya 150-na. Tapi, ku sabab mindeng dicokotan lila-lila mah béak.

Keur “pelestarian” penyu héjo hususna, sangkan penyu teu tumpur di sababaraha tempat di basisir laut kidul :di Batukaras, di Pangandaran, di Pangumbahan, di Cikepuh, kitu deui di Parigi geus diadegkeun Kelompok Penangkaran Biota Laut (KPBL). Éta kelompok téh ti taun 1983, geus ngamimitian programna di wilayahna. Kagiatan para anggotana ngumpulkeun endog penyu mapay-mapay basisir ti mimiti Batu Hiu nepi ka Bojong Salaut, saban tabuh sabelas peuting.

(Diropéa tina WWF Indonésia – Green  
Wikipedia,Parigi ([harapanrakyat.com](http://harapanrakyat.com)))

## B. Ngajawab Pertanyaan

Sanggeus maca wacana "Penyu Héjo", jawab pertanyaan ieu di handap!

1. Rék naon penyu mucunghul ka luhureun beungeut cai?
2. Naon nu nyababkeun penyu teu tulus ngendogna di basisir?
3. Kumaha sikep hidep mun hiji waktu ningali anak penyu kajaring ku nelayan?
4. Salian ti penyu, naon deui sato nu geus langka di urang?
5. Kumaha tarékahna sangkan sasatoan nu ditataan ku hidep teu tumpur?
6. Kumaha pamanggih hidep mun nempo aya nu miara penyu nu dilindungi téa?
7. Naon maksud "kahirupan penyu geus krisis"?
8. Naon sababna krisis?

## C. Ngadiskusikeun Kandaga Kecap

Téangan harti kecap ieu dina kamus, pék diskusikeun jeung babaturan!

- |             |               |
|-------------|---------------|
| 1. batok    | 6. ngalalana  |
| 2. caang    | 7. nyelang    |
| 3. disorong | 8. tingarugil |
| 4. mumbul   | 9. basisir    |
| 5. muru     | 10. tumpur    |



## D. Ngaringkeskeun Bacaan

Pék ringkeskeun eusi tina bacaan “Penyu Héjo” di luhur!

## E. Ngalarapkeun Paribasa

Tengetan ieu kalimah!

- *Anak kuya diwadahan kana batok.*  
Kecap *batok* aya dina paribasa:
- *Rumasa kuring mah kurung batok*  
*Kurung batok*, hartina, teu kungsi indit ka nu jauh, tetep di lemburna.

Ieu di handap aya paribasa, pék larapkeun dina kalimah!

1. Nyiuk cai ku ayakan = migawé laku nu moal aya hasilna.
2. Sapu nyéré pegat simpay = paturay, asal babarengan lila tuluy papisah.
3. Legok tapak genténg kadék = loba pangalaman.
4. Adat ka kurung ku iga = adat téh hésé digantina.
5. Aya jalan komo meuntas = eukeur mah aya maksud turug-turug aya pijalaneunana.

## F. Nyaritakeun Eusi Bacaan

Ieu aya deui bacaan ngeunaan sasatoan nu ditangtayungan. Hayu urang baca! Sanggeus dibaca, pék caritakeun eusina ku hideup di hareupeun kelas maké basa sorangan!

## Jalak Bali Rék Tumpur di Habitat Aslina

Jalak Bali atawa Curik Bali téh nyaéta manuk nu panjangna 25 cm. Manuk nu resep disada. Warna buluna bodas, mangrupa sato nu hirupna matuh di hiji tempat (éndemik) nu aya di Pulo Bali beulah kulon. Ieu manuk téh minangka sato éndemik Pulo Bali nu masih aya, sanggeus maung (harimau) Bali geus teu aya di kieuna. Ti mimiti taun 1991, sato nu kagolong kana katégori “kritis” téh digolongkeun jadi “fauna idéntitas” (maskot) di Provinsi Bali.



Sumber: [animaliworld.blogspot.com](http://animaliworld.blogspot.com)

Dr. Baron Stressmann, ahli sato manuk urang Inggris nu pangheulana manggihan jalak Bali dina tanggal 24 Maret 1911.

Manuk Jalak Bali babari katangén da boga ciri-ciri husus, saperti buluna bodas di sakujur awakna. Kajaba, tungtung buntutna jeung jangjangna warna hideung. Pipina mah taya buluan, warnana biru, sukuna warna abu-abu. Manuk jalu jeung bikang téh sarupa.

Jalak Bali méh tumpur, béak. Nu masih kénéh bisa hirup di alam habitat asli ukur wewelasan baé.

Ku kituna, Jalak Bali dilarang didagangkeun. Kajaba, manuk hasil usaha ngendogkeun, nganakkeun (*penangkaran*) ti turunan katilu. Jadi lain ti tempat hirupna di leuweung.

Supaya Jalak Bali teu tumpur, geus diayakeun pusat “penangkaran”, nu salah sahijina tempatna di Buléléng Bali ti taun 1995. Kitu deui, di unggal kebon binatang di sakuliah dunya ngayakeun program “penangkaran” Jalak Bali.

*(Diropéa tina “Jalak Bali Nyaris Punah di Habitat Asli”, Alamendah Blog )*

## G. Mikaweruh Kecap Sangaran

Dina bacaan saméméhna aya kecap jalak, anu nuduhkeun ngaran manuk. Kecap jalak téh tumerap ogé dina sesebutan *jalak harupat*. Jalak harupat téh hartina hayam anu alus aduna, warna buluna semu héjo. Pék baca ieu kalimah di handap!

- *R. Oto Iskandar Dinata anu boga jujuluk Si Jalak Harupat téh kaasup pahlawan nasional.*

Harti *si jalak harupat* dina éta kalimah mah nyaéta lalandian atawa sesebutan ka R. Oto Iskandar Dinata lantaran gedé wawanén dina nanjeurkeun bebeneran.

Dina kalimah ieu di handap aya kecap-kecap nu sarua wangunna, tapi hartina béda. Tengetan harti kecap nu dicitak miring dina ieu kalimah!

- a. Méméh asup ka lapangan badminton téh, bébéja heula ka petugas *jaga*.
  - b. *Jaga* mah ieu tempat téh bakal kakeueum ku bendungan.
- a. Lahan tanah téh teu acan *pajeng* diicalna.
  - b. Bu Guru nganggo *pajeng* ka sakola.
- a. Kelas 6 teu *jadi* piknik ka Dupan téh.
  - b. Pelak suuk di kebon sakola geus *jadi*.
- a. Murid-murid keur maca *buku* dongéng.
  - b. Penjaga sakola keur motong awi palebah *bukuna*.
- a. *Ukur*, lapang poli téh sabaraha panjangna!
  - b. Sakolana *ukur* tamat SD.

Harti kecap:

1. a. jaga = petugas pikét  
b. jaga = waktu nu bakal datang
2. a. pajeng = payu  
b. pajeng = payung
3. a. jadi = tuluy  
b. jadi = tumuwuh
4. a. buku = kitab (sababaraha lambar kertas, dijilidan)  
b. buku = sambungan antara dua ruas awi
5. a. ukur = ngukur pikeun nganyahokeun panjangna atawa legana  
b. ukur = ngan, semet

Téangan ku hidep kecap-kecap saperti conto di luhur, terus larapkeun dina kalimah.

## H. Ngawih

### 1. Ngajembaran Pangajaran

Saméméhna geus dipedar ngeunaan *Penyu Héjo* jeung *Jalak Bali*, dua sato anu méh tumpur. Upama hidep resep kana manuk, lain hartina kudu ngandangan dina kurung. Keun sina disarada, sina resepeun hiber jeung eunteup dina tangkal di buruan.

Ieu di handap aya kawih ngeunaan manuk. Hayu urang kawih-keun!

### Manuk Dadali

*Mesat ngapung luhur jauh di awang-awang  
Mébéérkeun jangjangna bangun taya karingrang  
Kukuna ranggoas reujeung pamatukna ngeluk  
Ngapak méga bari hiberna tarik nyuruwuk*



*Saha anu bisa nyusul kana tandangna  
Gandang jeung perténgtang taya bandinganana  
Dipikagimir dipikasérab ku sasama  
Taya karémpan kasieun lébér wawanénna*

*Manuk dadali manuk panggagahna  
Perlambang sakti Indonésia Jaya  
Manuk dadali pangkakoncarana  
Resep ngahiji rukun sakabéhna*

*Hirup sauyunan tara pahiri-hiri  
Silih pikanyaah teu inggis béla pati  
Manuk dadali ngandung siloka sinatria  
Keur sakumna bangsa di nagara Indonésia*



*Sumber: fotohewan.blogspot.com*

*(Tina: Kumpulan Lagu-lagu Daerah,  
R.E. Rangkuti, dkk)*

Téks rumpaka lagu "Manuk Dadali", diwangun ku sajak bébas.  
Baca sing taliti!

### **Tugas hidep:**

- a. Kecap-kecap nu teu terang hartina téangan dina *Kamus Umum Basa Sunda*, atawa kamus séjén
- b. Tuliskeun deui eusi rumpaka lagu di luhur, maké kekecapan basa sorangan dina wangun lancar
- c. Sabada réngsé, pariksakeun ka Ibu/Bapa Guru!



## 2. Ngajembaran Pangajaran Maca

Urang maca sajak ngeunaan sasatoan

### Manuk Leutik dina Kurung (Kénging: Ano K.)

*Aya manuk dina régang  
silih témbalan. Di buruan  
geus caang. Susumputan dina daun  
Mani récét. Taya nu ngaharu biru  
Manuk piit, manuk kacamata.  
Aya cangkurileung hiber ngabring  
bari disada luhur suhunan*



*Sumber: simomot.com*



*Sumber: sangkarburungsby.  
blogspot.com*

*Aya manuk dina kurung  
Uclak-aclok. Ngagantung  
kurung dina gantungan  
di buruan  
Manuk leutik uclak-aclok  
dina régang nyarumput  
jeung macokan hileud  
Manuk leutik uclak-aclok  
noong langit tina kurung leutik  
dicetrékan dihéotan*

- Urang pesék heula harti kecap dina sajak, nya!
- Tingali dina Kamus Basa Sunda.

Regepkeun! Guru rék ngabahas kecap nu langkung jembar.


## Hayu urang ngajawab pertanyaan

1. Naon anu dicaritakeun dina éta sajak téh?
2. Naon nu dimaksud 'di buruan geus caang'?
3. Nu kumaha ari nu disebut 'taya nu ngaharu biru' téh?
4. Kumaha pamanggih hidep mun ningali manuk nu hirup bebas jeung manuk nu hirup di jero kurung?
5. Naon buktina yén hidep milu mikanyaah manuk?

### I. Maca Dongéng

Urang maca dongéng sasatoan!

#### Sakadang Kuya Mamawa Imah



Jaman baheula, di hiji patempatan nu ngawates ka sisi walungan, aya sakadang kuya keur meresihan sisi-sisi kebon nu kahieuman ku tangkal nu ngajajar jadi pager. Gobras-gobras dicacar maké congkrang. Si Ambu kuya keur ngaliwet di kolong saung ranggon. Liwet ditumpangan ku peda beureum, maké salam, séréh, bawang beureum. Teu lila kaambung seungit.

“Ambu, asak liwet téh?” Pa Kuya ngagorowok.

“Asak, Bapa!”

Pa Kuya nyampeurkeun ka saung.

Di pasir, kuya téh ngebon ngahuma. Talingtrim baé hirupna. Saka-peung-kapeungeun sok aya babaturan Pa Kuya nu sarua ngahuma.

Pihujaneun geus ngagayot hideung di langit beulah kidul. Gebrét hujan gedé. Kitu deui, angin ngagalebug. Jigana angin puyuh duka *puting beliung*. Angin téh ngapungkeun saung. Awut-awutan. Kajadian kitu téh geus sababaraha kali. Puguh baé matak capé, matak rieut. Tapi, Pa Kuya sok ngoméan deui-ngoméan deui imahna.

Pa Kuya jeung Ambu Kuya, ahirna sok malikir kumaha carana sangkan imahna teu beunang ku musibah. Karasana geus capé.

Keur kitu aya nu pupuntenan dina papanggé. Singhoréng sakadang monyét, sobatna. Sanggeus lila ngobrol, sakadang kuya nanyakeun, kumaha carana nyieun imah nu aman.

“Kieu wae atuh Pa Kuya, Ambu kuya, imah téh kudu nu bisa dibawa”.

“Dibawa kumaha?” Kuya ngarasa héran.

“Sok jieun imah sasanganeun-sasanganeun!”

Sanggeus kitu kuya nyieun imah dibantuan ku monyet.

imah geus anggeus.

“Terus kumaha?”

“Tah bagian hareup diliangan sasiraheun baé. Supaya, bisa ngelok nyumputkeun sirah. Kitu deui, bisa nolakkeun sirah. Jadi, bisa nolak nempo ka luar, jeung bisa nyumputkeun sirah bari ngelok.

Sanajan mimitina mah ugal-ugil merenahkeun imah dina tonggong téh, ahirna si kuya ngarasa aman ngagandong imah téh. Malah nepi ka ayeuna. Salian ti sakadang kuya apan si penyu di laut ogé mamawa imah.

Sakadang kuya, béak nganuhunkeun ka sobatna, sakadang monyet.

(*Diropéa deui ku Eulisano tina kumpulan  
dongéng sasatoan*)



## Pedaran

Dina carita dongéng téh kapanggih Sakadang Monyét nulungan Sakadang Kuya. Picontoeun keur urang apan, nya!

Bukti yén urang mikanyaah ka papada ciciptan Alloh téh di antarana silih tulungan téa. Di antarana henteu ngaganggu kalestarianana. Kuya téh apanan salah sahiji sato nu ku urang kudu dilindungi upaya teu tumpur.

Aya sababaraha kecap nu perlu ditéangan hartina dina Kamus Umum Basa Sunda, upamana:

- |               |                 |
|---------------|-----------------|
| 1. congkrang  | 6. angina puyuh |
| 2. huma       | 7. ngebon       |
| 3. musibah    | 8. ngoméan      |
| 4. ngagayot   | 9. papanggé     |
| 5. ngagandong | 10. ranggon     |

Hidép bisa néangan deui dongéng "Sakadang Kuya" nu séjénna. Pek baé baca, lenyepan eusina atawa maksudna.

## J. Nyaritakeun

Ieu di handap aya bacaan. Pék baca heula dina jero hate, tuluy caritakeun deui di hareupeun babaturan.



## Lutung Jawa

Tujuh sato anu dilindungi, diacara sacara ilegal di hiji vila di desa Gununggeulis, Sukaraja, Bogor, geus dievakuasi ku petugas Kepolisian jeung Balai Besar Konservasi Sumber Daya Alam Jawa Barat Bidang Wilayah Konservasi I. Éta sakabéh sato téh rék dileupaskeun deui ka habitat aslina. Upamana, lutung Jawa rék dileupaskeun di Bandung Kidul. Owa Jawa di Gunung Pangrango.

*Sumber: [animallabel.wordpress.com](http://animallabel.wordpress.com)*

Sasatoan anu diamankeun téh salian ti lutung jawa, nyaéta maung sumatra, owa jawa, siamang, owa ungko, rusa timor, jeung tilu merak.

Éta sasatoan téh saméméh dileupaskeun ka habitat aslina rék diréhabilitasi heula di pusat transit sato nu aya di Gadog.

Nurutkeun katerangan petugas konservasi, salian ti tujuh sato nu tadi, aya deui dua sato nyaéta *rusa totol* jeung *ligér*. Tapi, dua sato kasebut teu diamankeun ku patugas, alesanana éta dua sato téh lain sato asli Indonesia. Rusa totol téh asli India, sedengkeun *ligér* teu jelas identitasna.

*(Disarungsum tina, Lutung Jawa Dilepas di Bandung, Pikiran Rakyat, 30 Oktober 2013)*

Urang ngajawab pertanyaan ieu, yu!

1. Naon baé ngaran sato nu dibawa (diamankeun) téh?
2. Naha dipiarana dianggap ilegal?
3. Naon panjangna singgetan BBKSD téh?
4. Pék sebutkeun sato naon deui nu teu meunang dipiara ku masarakat téh!
5. Naha lutung jawa kudu dilindungi?

### **Pancén di imah**

Jieun karangan narasi maké basa Sunda nu hadé, nu eusina nyaritakeun tarékah usaha nyalametkeun mahluk supaya teu tumpur.

- Pék baé badamikeun/diskusikeun jeung batur sabangku
- Ménta saran ka Ibu/Bapa guru

### **3. Paribasa Apalkeuneun**

Keur ngeuyeuban pangaweruh, ieu di handap aya paribasa anu maké kcap sasatoan.

1. Ayakan tara meunang kancra (hartina: nu bodo jeung nu pinter moal sarua darajatna jeung panghasilanana)
2. Anak merak kukuncungan (hartina: sipat-sipat nu aya di anak, babakuna nu hadena, sasarina loba anu diturunkeun ku kolotna)
3. Paanteur-anteur julang (hartina: silih anteur maké aya dua tilu kalina)



4. Sentak badakeun (hartina: teu cééhan dina digawé. Dina mimitina mah kacida getolna, tapi beuki lila, beuki ngedul, tungtungna pagawéan téh diantep teu dipigawé pisan)
5. Ngabuntut bangkong (hartina: ku lantaran teu pati nyaho kana perkarana atuh teu bisa terus nyaritakeunana)
6. Banténg ngamuk, gajah meta (hartina: naon baé atawa saha baé anu dipikasieun ku urang)
7. Kawas lauk asup kana bubu (hartina: gampang meunangna jeung asupna kana hiji pagawéan, tapi hésé beleke kaluarna jeung ngejagkeunana éta pagawéan)
8. Buluan belut, jangjangan oray (hartina: pamohalan kajadian)
9. Jaman cacing dua saduit (hartina: baheula pisan)
10. Cara gaang katincak (hartina: anu tadina ramé kacida, ayeuna mah jempling pisan)

#### 4. Nyieun Kalimah Maké Paribasa

Jieun ku hidep kalimah maké paribasa lenyepan heula hartina. Mun geus réngsé, pék lisankeun di hareupeun kelas.

#### K. Ngaregepkeun

Ieu di handap aya bacaan. Pék baca bedaskeun ku salasaurang! Murid séjénna ngaregepkeun!

### Wapalla “Pikiran Rakyat” Ngaleupaskeun Sarébu Bayi Penyu

Wadah Penggiat Lingkungan Hidup dan Pecinta Alam (Wapalla) Harian Umum Pikiran Rakyat ngaleupaskeun 1000 tukik di basisir Pangumbahan, Ujung Genténg, Sukabumi, poé Saptu, 9 Novémber 2013. Bakti sosial ieu téh témana “Love sea turtle, love earth” minangka pangrojong kana konservasi penyu héjo (*chelonia mydas*), di laut pakidulan Sukabumi. Éta kagiatan téh diiluan ku kurang leuwih saratus karyawan koran Pikiran Rakyat.

Tukik atawa bayi penyu téh kaluar tingarugil tina liang penetasan nu dikokolakeun ku Dinas Kelautan dan Perikanan Kabupaten Sukabumi,

UPTD Konservasi Pangumbahan. Anak penyu téh dileupaskeun pasosoré dina wanci panonpoé surup.

“Tugas konservasi penyu laut téh saenyana mangrupa tugas saréréa. Ka singsaha anu maliré, boh sacara pribadi, boh sacara organisasi, geus lain deui anu sipatna kalangenan (hobi) tapi kudu geus jadi kawajiban.

Direktur Bisnis Pikiran Rakyat, ngarojong pisan konservasi penyu jeung deuih ngajak ka masarakat ka sakumna organisasi supaya milu aktif ngajaga lumangsungna kahirupan penyu.

Nurutkeun ketua Wapalla, kagiatan bakti sosial téh dina raraga miéling Hari Pahlawan 10 November. Nu kasebut pahlawan Indonesia téh kaasup ogé jalma-jalma anu miroséa tur ngajaga lingkungan.

*(Disarungsum tina: bacaan Wapalla “PR” Melepas Seribu Bayi Penyu, Pikiran Rakyat, 11 November 2013)*


Bacaan di luhur téh pikeun ngeuyeuban pangaweruh hidep. Saméméhna, geus aya carita penyu. Tétéla nu nyaraah kana penyu téh, salian ti sacara individu aya ogé ti organisasi perusahaan.

### **Ngajawab Pertanyaan**

1. Pék sebutkeun ku hidep salian ti sacara pribadi, organisasi naon baé nu miroséa kana penyu téh?
2. Naon alesanana sato-sato peusing (trenggiling), heulang, kérak, jalak, jeung rupa-rupa manuk teu meunang dipiara dikurungan ku masarakat sacara pribadi?
3. Naon kagiatan nu dipigawé ku Wapalla téh?
4. Kumaha pamanggih ketua Wapalla nu disebut pahlawan téh?
5. Kagiatan masarakat basisir sok kaperego ngarala endog penyu. kumaha pamanggih hidep kana éta laku masarakat téh?



# KAHIRUPAN TURTA NYAAH BUMÉLA KA LEMAH CAI



Sumber: [lembagakeris.net](http://lembagakeris.net)



## A. Ngaregepkeun Pupuh Durma

Ibu/Bapa Guru badé nembangkeun pupuh durma. Pék regepkeun ku hidep, tuluy tembangkeun babarengan!

### Durma Buméla ka Lemah Cai

*saréréa urang téh kudu sayaga  
ngajaga lemah cai  
ti nu niat jahat  
nagara jadi teu aman  
rayatna jadi teu tingtrim  
jiwa ragana  
ulah jadi karisi*

*masarakat sadaya ngarasa aman  
lingkungan sepi paling  
suyunan pisan  
ngajaga kaamanan  
ningtrimkeun raga jeung batin  
béla nagara  
ngariksa lemah cai*



Sumber: [blog.ub.ac.id](http://blog.ub.ac.id)

(Kénging: Ano Karsana)

## B. Ngajawab Pertanyaan

Pikeun maham eusi pupuh, pék jawab pertanyaan ieu di handap!

1. Saha nu dimaksud “saréréa” dina rumpaka pupuh durma téh?
2. Naon nu dimaksud saréréa urang kudu sayaga?
3. Naon nu dimaksud lemah cai téh?
4. Naha urang kudu ngajaga lemah cai?
5. Kumaha carana urang ngajaga lemah cai téh?



6. Nurutkeun pamadegan hidep, saha baé nu rék niat jahat ka lemah cai téh?
7. Naon maksudna "masarakat sepi paling" dina pada kadua?
8. Sebutkeun amanat eusi pupuh durma *Buméla ka Lemah Cai*!

Cangkem harti kecap ieu di handap. Pék jieun kalimah!

sayaga	= sayogi (lemesna), sadia
tingtrim	= rasa aman, tenang
raga	= awak atawa badan
karisi	= kasieun aya kajadian nu ngabahayakeun
béla	= daék nulungan batur tina kasusah kalawan iklas
ngariksa	= ngajaga

### C. Ngalarapkeun Rarangkén Tengah

Pék tengetan rarangkén tengah ieu di handap!

Rarangkén tengah *-um-, -al-, -in-, ar-*

Urang nengetan deui kecap dina kalimah ieu di handap!

- Buméla ka lemah cai  
kecap *buméla* téh asal kecapna *béla*, ditambah rarangkén tengah *-um-*, jadi *buméla*.
- Loba kaom ibu lalieur mikiran harga balanjaan nu beuki marahal  
Kecap *lalieur*, asal kecapna *lieur*, ditambah rarangkén tengah *-al-*, jadi *lalieur*.
- Bukti tinulis geus kapanggih, dina jaman prasejarah jalma harita geus bisa nyieun barang tina taneuh.  
Kecap *tinulis*, asal kecapna *tulis*, ditambah sisipan *-in-*, jadi *tinulis*.

Pék baé hidep nyieun deui conto séjén nu maké rarangkén tengah: -um-, -al-, jeung -in-. Terus éta kecap téh jieun kalimahna, lisankeun baé ka babaturan

#### D. Ngabandingkeun Pupuh jeung Kawih

Pupuh jeung kawih téh duanana kagolong kana wangun ugeran (puisi). Najan kitu, aya bédana. Ayeuna urang ngabandingkeun antara pupuh jeung kawih.

Sanggeus merhatikeun wacana “Durma Buméla ka Lemah Cai”, urang bisa nengetan geuning wangun bacaanana téh teu sarua jeung wangun bacaan dongéng, carita pondok (narasi).

Wangun durma mah kauger (kawatesanan) ku ayana jajaran (padalisan), sora tungtung unggal jajaran (guru lagu), jeung jumlah engang (*suku kata*) unggal jajaran sarta jumlah padalisan unggal pada (bait).

Tah wangun nu kitu mah kaasup wangun pupuh. Ngaran pupuhna, nyaéta pupuh Durma.

Tengetan deui!

sa-ré-ré-a u-rang téh ku-du sa-ya-ga	= 12a
nga-ja-ga le-mah ca-l	= 7i
ti nu ni-at ja-hat	= 6a
na-ga-ra ja-di teu a-man	= 8a
ra-yat-na ja-di teu ting-trim	= 8i
ji-wa ra-ga-na	= 5a
u-lah ja-di ka-ri-si	= 7i

Pék tengetan ku hidep rumpaka kawih ieu!

## Karatagan Pahlawan

(Karya: Mang Koko)

1. *Teu honcéwang (teu ringrang)*  
*Sumoréang (hariwang)*  
*Tékadna Pahlawan bangsa*  
*(pahlawan) Cadu mundur (takabur)*  
*pantrang mulang (honcéwang)*  
*Mun maksud tacan laksana*

*Berjuang keur lemah cai*  
*Lali rabi tur tégang pati*  
*Taya basa ménta pamulang tarima*  
*Iklas réla keur korban merdéka*

2. *Sinatria danalaga*  
*Béla bangsa jeung nagara*  
*Dibarengan tékad suci*  
*Berjuang keur lemah cai*

*Teu ngingetkeun ka dirina*  
*Asal nagri bangsa waluya*  
*Kadar jembar raharja mukti wibawa*  
*Gembleng tujuan Pahlawan Bangsa*



Nilik kana cara nuliskeunana, rumpaka kawih jeung pupuh téh sarua, ditulis dina wangun pada (bait), disebutna wangun sajak. Dina rumpaka kawih mindeng kapanggih dina unggal padalisanna sok aya nu mola 8 engang. Tapi, lain hartina kudu kitu. Tah, rumpaka kawih mah wangunna téh sajak bébas. Bébas dina nangtukeun jumlah padalisan (jajaran) dina sapadana. Unggal padalisan bébas rék sabaraha jumlah

engangna, maksudna bébas teu kauger ku guru wilangan. Pon kitu deui unggal tungtung padalisan teu kauger ku guru lagu. Éta mah kumaha nu nyipta lagu baé. Rumpaka lagu kawih mah sok dijieun husus baé diniatan keur kawih.

Lamun hidep rék nyieun pupuh durma, kinanti, atawa pupuh nu lianna, teu bisa sakarepna nyusun padalisan kumaha kahayang hidep. Tapi kudu nurutkeun aturanana dina unggal pupuh. Sabab, pupuh mah geus aya patokanana (aturanana), maké guru lagu guru wilangan, geus tangtu jumlah padalisan dina unggal padana.

1. Urang ngabandingkeun pupuh jeung kawih

Ngabandingkeun hal wangun (bentuk) sarta eusi pupuh durma jeung rumpaka kawih

Pupuh	Kawih
Wangun	Wangun
1. Diwangun ku pada (bait) anu geus tangtu jumlah padalisanna (jajaran)	1. Jumlah pada (bait) teu ditangtukeun kudu sabaraha-sabarahana
2. Unggal tungtung padalisan geus tangtu sorana (guru laguna)	2. Jumlah jajaranana teu ditangtukeun kudu sabaraha-sabarahana
3. Unggal padalisan geus tangtu jumlah engangna (guru wilangan)	3. Unggal padalisan teu ditangtukeun jumlah engangna (guru wilanganana)

Sanggeus ngabandingkeun pupuh jeung kawih, hidep bisa nyindekkeun kieu.

- a. Wangun pupuh kumaha, wangun kawih kumaha
- b. Eusi nu dicaritakeun dina pupuh kumaha, eusi nu dicaritakeun dina kawih kumaha



## 2. Diskusikeun jeung batur sabangku!

Baca deui pupuh durma “Buméla ka Lemah Cai, jeung kawih “Karatagan Pahlawan”. Pék tembangkeun Pupuh Durma, tuluy kawihkeun *Karatagan Pahlawan*!

### Tugas: nyorangan (individu) dijieun di imah

1. Jieun sapada pupuh durma. Témana, kumaha hidep baé.
2. Jieun sajak bébas, sajudul. Témana, kumaha hidep baé.

## E. Nembangkeun Pupuh tina Wawacan

Saméméhna hidep geus maca durma ‘*Buméla ka Lemah Cai*’, éta bacaan téh diwangun ku salahsahiji pupuh, tina 17 pupuh. Kitu deui, hidep ogé geus bisa nembangkeun rupa-rupa pupuh nu geus diajarkeun saméméhna.

Aya carita anu pondok anu diwangun ku hiji pupuh disebutna téh guguritan. Aya deui carita anu panjang, anu diwangun ku rupa-rupa pupuh, disebutna wawacan.

Ayeuna hayu urang nembangkeun pupuh!

### **Ratna Suminar Nepangan Déwi Pramanik** (Kinanti)

*Ratna Suminar kacatur, sareng Patih Mandrawati, ngalayang di awang-awang, ngarandeg dina wiati, marga aya nu katingal, ku Sang Ajeng Ratna Putri.*

*Lapat-lapat puncak gunung, sidik aya taman sari, jeung gumebyar cahayana, tingburinyay tingkaretip, tur aya bandéra bodas, di tengah banjaransari.*

*Ratna Suminar seug nyaur, ka Nyi Putri Mandrawati, Bibi tempat naon éta, mana leuwih teuing resmi, kaya karang kalangenan, tempat pelesir narpati*

*Mandrawati seug ngawangsul, bilih teu acan tingali, enyaéta nu kasebat, patapan Déwi Pramanik, masjid Binarum Kania, nu cahyana tingkaretip.*

*Gamparan sumangga atuh, di ieung tong lami-lami, énggal ngabujeng ka dinya, Ratna Suminar ngalahir, ah kula mah moal waka, turun norojol teu pamit.*

*Gancangna anu dicatur, harita Déwi Pramanik, di beulah kalér lenggahna, ngadéngé nu déhém tarik, sada-sada batuk kuda, teu lami Déwi Pramanik.*

*Sang Déwi Pramanik nyaur, coba atuh sina linggih, ku putra téh diantosan, Mandrawati henteu lami, belesat ka jomantara, ngemban dawuhan Sang Déwi.*

*Teu lami Putri ngadangu, soara tan katingali, montong jadi kasusahan, baris ngahormat Putri Jin, duméh sagala teu aya, ayeuna ku Nyai gasik.*

*Déwi Pramanik ngadangu, piwurukna sora tadi, Nursajati seug diudar, dikebutkeun diperedih, bari disebat ngaranna, éh jimat Nursajati.*

*Nyi Mandrawati kacatur, geus tepang jeung Ratu Putri, dina kalang méga bodas, Ratna Suminar teu lami, ka patih buta mariksa, coba kula ménta warti.*

*Ratna Suminar kalangkung, ngaraos bingah nya galih, henteu aya papadana, dumugi raosing Putri, ngalantung di pawenangan, ngalincing di alam lahir.*

*Nembé mendak bingah kitu, lir catur nimat sawargi, ku asal nampi panyambat, angkiran Déwi Pramanik, bawaning ku lintang bingah, teu kendat gumuyu manis.*

*(Dicutat tina Panyungsi Sastra, kaca 106-109)*

Dina pangajaran ieu, hidep geus ngaregepkeun jeung maca: durma 'Buméla ka Lemah Cai' sarta rumpaka kawih 'Karatagan Pahlawan',

## **F. Maca Jero Haté**

Saméméh ieu pangajaran, hidep geus mampuh maca durma Buméla ka Lemah Cai, Ratna Suminar, jeung Karatagan Pahlawan.

Nu disebutan bieu téh aya nu diwangun ku pupuh nyaéta durma Buméla ka Lemah Cai, kinanti Wawacan Ratna Suminar jeung kawih karatagan Pahlawan. Éta tilu conto kaasup wangun anu kasengker ku pada, jeung rumpaka.

Tah bacaan ieu di handap mah mangrupa basa lancar (narasi) carita kapahlawanan nu dilalakonkeun maké basa anu biasa ku hidep dipaké nyarita sapopoé.

Jadi, téma kapahlawanan, jalma nu buméla ka lemah cai téh bisa dilalakonkeun ku pupuh (guguritan, wawacan), rumpaka kawih, sarta bisa ogé dikedalkeun dina carita atawa narasi.

Ayeuna pék baca dina jero wacana ieu di handap!

## **Banténg Pasirmalang** (Karangan: Nanang Supriatna)

Baréng jeung nagri Belanda keur meumeujeuhna pésta, méstakeun kawinna Ratu Wilhémina ka Pangéran Héndrik, taun 1901, perkebunan entéh Pasirmalang, Pangaléngan, Kabupatén Bandung, eundeur. Lain pédah urang perkebunan milu saruka bungah, tapi ieu mah pédah gudang perkebunan aya nu ngaduruk tepi ka béak jadi lebu.

Tuan Besar, tangtuna ogé urang Belanda, nu ngaran van Téél, teu wudu wera, ambekna méh teu kawadahan. Gancang ménta bantuan ka tentara Belanda sina nalungtik saha-sahana nu kumawani ngaduruk gudang perkebunan entéh. Tuan Besar nyangka ulon-ulonna lain urang luar, tapi pagawé perkebunan.


Sangkaan Tuan Besar teu nyalahan. Teu sabaraha lilana tentara Belanda nyangkalak opat urang nonoman pagawé perkebunan. Opatanana geus ngaku ngaduruk gudang kalayan alesanana pédah urang Belanda ngakaya buruh perkebunan. Buruhanana saeutik teu saimbang jeung pagawéanana, sarta salawasna pinuh ku kasieun.

Anu opatan téh Éméd, Tasmin, Jamhari, Rasna, tiluanana urang Pasirmalang, jeung Endut atawa Kardi, urang Majalaya. Opatanana ditibanan hukum pati sarta diasupkeun kana buian rohang *bawah tanah*. Luhurna ditutupan ku kai jati nu teuas jeung kandel. Méh taya jalan keur kabur. Paling bisa ogé ngali torowongan, tapi pamohalan.

Najan geus diputuskeun kudu dihukum pati, tapi geus tilu kali rék diéksékusi gagal waé, diengkékeun deui diengkékeun deui. Lain nanaon indung Éméd téh tukang masak di imah Tuan Besar nu pangdipikanyaahna, Tuan Besar karunyaen ka indung Émed mun kudu nempo anakna dihukum pati.







Salila dikerem di rohang *bawah tanah*, Émed jeung batur-baturna unggal poé dianteuran dahareun jeung cai keur nginum. Anu nganteuranana jalmana éta-éta kénéh.

Ti nu sok nganteuran, opatanana apaleun sanajan éksékusina geus tilu kali ditunda, hukuman pati moal tepi ka dibatalkeun. Opatanana bati ngaheruk, geus teu boga daya jeung akal pikeun kabur. Ngan nu sok nganteuran téh méré jalan sangkan papan jati nu nutup rohang *bawah tanahna* dibobok.

Kumaha carana? Opatanana dibéré sabun. Cenah ulasan papan jati téh ku sabun, terus korowot ku leungeun.


Sabada disabunan, papan jati nu sakitu teuasna téh ku ramo Éméd mah siga nu uduheun. Sanggeus meunang sababaraha poé, ahirna Éméd bisa nyieun liang nu sakira bisa asup awak. Taya nu nyahoeun saurang ogé, kajaba nu sok nganteuran téa, tapi teu geruh.

Éméd henteu langsung nyieun liang, tapi ngipisan heula papan jatina. Dina waktu rék ngaloloskeun diri, tengah peuting, karék papan téh ditobroskeun. Pikeun naékna, opatanana numbu-numbukeun sarung. Anu pangheulana naék téh Éméd ku cara dipunggu heula, sanggeus aya di luhur sarung dicangreudkeun kana kai pageuh pisan.

Kalayan ati-ati, tiluanana saurang-saurang tingkalacat naék mapay-mapay sarung. Sanggeus kabéh aya di luhur, opatanana rerencepan kaluar ti perkebunan. Opatanana paburencay. Éméd terus lumpat ka wewengkon Ciséwu, sarta nyumput di guha nu aya di satukangeun Curug Cikawung, nu kiwari mah asup ka wilayah Désa Girimukti, Kacamatan Ciséwu.

Lila ti lila, ngarasa taya nu nyusul-nyusul, Éméd wanieun asup ka pilemburan. Ku sabab taya tanda-tanda Belanda ngeprik mata-mata keur néangan Éméd sabatur-batur, sanggeus sababaraha bulan cicing di guha, Éméd nyieun imah di Pasiripis nu ayeuna mah kabawah ka Ciséwu.

Di Pasiripis muka padépokan lantaran nu hayang diajar penca teu sirikna merul. Ka urang dinya, Éméd henteu balaka saha-sahana.



Hiji waktu aya nu ngajak tarung ngadu jajaté, ngaranna Aditama. Duanana sapamadegan, penca téh mageuhkeun duduluran. Tarung dilaksanakeun di buruan imah, taya nu nyaksian. Aditama éléh. Émé balik ka Pasirmalang, digawé deui di perkebunan jadi pingpinan kaamanan perkebunan.

*(Diropéa tina Galura, edisi I, 11 Oktober 2013)*

### Nyieun Ringkesan

Jieun ringkesan carita maké basa hidep rorangan. Pék lisankeun di hareupeun kelas.

### G. Migawé Pancén

Pék tengetan heula naon pancén hidep téh.

- Jieun sapada pupuh durma. Témana, kumaha hidep baé.
- Jieun sajak bébas, sajudul. Témana, kumaha hidep baé.
- Tugas nyorangan (individu) dijieun di imah baé.



# TOKOH NU MANGGIHKEUN



*Sumber: nasional.news.viva.co.id*

## A. Maca Jero Haté

Pék baca ieu wacana!

### Imah Awi Jatnika



*Sumber: properti.kompas.com*

“Kahirupan masarakat Indonesia, babakuna urang Sunda, teu bisa jauh tina budaya awi, ti mimiti kaperluan keur bahan piimaheun nepi ka-daharan. Aya 105 spésiés éndemik asli awi nu kapanggih di Indonesia, 95 di antarana aya di Jawa Barat. Ngan hanjakal, can réa masarakat nu bener-bener sadar kana pentingna awi, buktina méh 1.000 héktar tangkal awi di Bogor dituar dina dangka lima taun katompérnakeun.”

Kitu numutkeun Jatnika Nanggamiharja. Jatnika téh kawéntar minangka ahlinana dina nyieun imah awi mah. Ti taun 1985 nepi ka ayeuna Jatnika geus ngawangun 3.000 leuwih imah awi. Aya 41 modél nu geus dimekarkeunana, kabéhanana nyoko kana ciri wangunan tradisional Jawa Barat. Hak ciptana geus meunang patén dina taun 2006. Taun 2009, Jatnika narima panglélér ti Ikatan Arsiték Indonésia minangka nu pangréana nyieun imah awi tradisional. Ti taun 1995 nepi ka ayeuna Jatnika kapeto jadi Ketua Yayasan Bambu Indonésia.



Jatnika lahir di Cikidang, Sukabumi, 2 Oktober 1956. Sohor lain ukur di sakuliah Nusantara. Imah awi buatanana geus jadi komoditas ékspor. Di antarana Malaysia, Brunéi, jeung Arab Saudi nu jadi tujuan éksporna téh. Lian ti imah, Jatnika ogé ngawangun pasantrén, masjid jeung tajug tina awi deuih. Nu jadi impianana, imah awi téh jadi ikonna Jawa Barat cenah.

Ti keur SD kénéh, Jatnika mah geus biasa nganyam awi keur jualeun. Sabada tamat kuliah di Akademi Pimpinan Perusahaan Jakarta taun 1981, Jatnika mimiti naratas bisnis imah awi. Usahana tuluy nambahan mekar sabada ékspor munggaran ka Taiwan dina taun 1985.

Nu matak pikayungyuneun, sawaréh ladang usahana téh dimangpaatkeun deuih keur program penghijauan. Jatnika melak awi di sisi walungan Ciliwung, Cisadané, jeung Ciluwer. Malah di lemburna mah, Jatnika melak 10 héktar leuwih awi di sisi walungan Cimandé. Awi-awi nu dipelakna téh lain baé keur nyegah érosi, tapi leuwihna ti éta dipiharep bisa méré karaharjaan keur masarakat sabudeureunana.

*(Diropéatina majalah Cupumanik April 2011)*

## **B. Ngalisankeun Jawaban**

Pék jawab ku hidep pertanyaan ieu di handap!

1. Saha tokoh nu dicaritakeun téh?
2. Naha éta jalma disebut tokoh nu manggihkeun modél imah?
3. Di Jawa Barat loba kebon awi, geus dimangapaatkeun encan, sarta naon buktina?
4. Masarakat Jawa Barat teu bisa jauh tina budaya awi, naha?
5. Naon tujuanana tokoh Jatnika melak awi di lemburna téh?
6. Kumaha karakter (watek) tokoh Jatnika téh?
7. Sebutkeun barang naon baé anu bisa dijieun tina awi!
8. Sebutkeun jenis-jenis alat kasenian nu dijieun tina awi!
9. Kumaha koméntar hidep kana éta bacaan?
10. Sebutkeun nu hidep terang tokoh-tokoh penemu lianna sarta naon nu dipanggihkeunana!

### C. Ngadiskusikeun Kandaga Kecap

Pék baé ku hidep diskusikeun ieu kecap-kecap téh!

1. babakuna
2. dituar
3. kapeto
4. katompérnakeun
5. kawentar
6. munggaran
7. naratas
8. nyoko
9. panglélér
10. patén

### D. Ngaringkes Bacaan

Hidep geus maca bacaan nu judulna “Imah Awi Jatnika”.Éta bacaan téh ukuranana panjang. Pék baca deui éta bacaan téh, tuluy ringkeskeun maké kekecapan sorangan!

Ngarah gampang sebutan gagasan tina unggal paragraf.

Paragraf hiji nyaritakeun .....

Paragraf dua nyaritakeun .....

Paragraf tilu nyaritakeun .....

Paragraf opat nyaritakeun .....

Paragraf lima nyaritakeun .....

### E. Ngalarapkeun Kecap Rajékan

Hidep tangtu saméméhna ogé geus diajar rupa-rupa kecap rajékan téa. Tengetan deui ieu conto!

- *Baku* éta budak téh, unggal wayah kieu sok ceurik.  
*Babakuna* mah sok diheureuyan ku lanceukna.

Kecap *babakuna*, asalna kecap *baku*. Terus, dirajék engang di awal ditambah rarangkén ahir *-na*.

Baku → *babaku* + *na* = *babakuna*

Conto séjén:

Tong dudupak atuh leumpang téh.

Kecap *dudupak*, asalna kecap *dupak*. Kecap *dupak* dirajék engang awalna jadi *dudupak*.

Téangan deui dina koran atawa majalah, 10 nepi ka 20 kecap mah kecap-kecap saperti conto di luhur. Sebutkeun harti kecapna!

## F. Ngabandingkeun Wangun /di/, /ka/ dina Kalimah

1. Tengetan ieu kalimah,
  - a. Tangkal awi **dituar** ku bapa.
  - b. Tangkal awi aya **di tukangeun** imah.

Wangun /di/ dina kecap *dituar*, nulisna di hijikeun jeung kecap hareupeunana, nuduhkeun kecap pagawéan, *tuar*.

Wangun /di/ dina kecap *di tukangeun* imah, nulisna misah jeung kecap nu aya hareupeunana, nuduhkeun tempat atawa anu diang-gap tempat, saperti kulon, wétan, kidul, kalér, handap, luhur, jeung nu lianna.

2. Tengetan ieu kalimah
  - a. Murid-murid téh teu **kabawa** kabéh da mobilna leutik.
  - b. Murid-murid kelas 6 indit **ka toko buku**.

Wangun /ka/ dina kecap *kabawa*, nulisna di hijikeun jeung kecap hareupeunana, nuduhkeun kecap pagawéan, *bawa*

Wangun /ka/ dina kecap *ka toko*, nulisna misah jeung kecap nu aya hareupeunana, nuduhkeun tempat atawa anu dianggap tempat, saperti kulon, wétan, kidul, kalér, handap, luhur, jeung nu lianna.

### Pancén hidep

1. a. Jieun kecap nu maké wangun /di/ + kecap nu nuduhkeun pagawéan  
b. Jieun kecap nu maké wangun /di/ + kecap nu nuduhkeun tempat
2. a. Jieun kecap nu maké wangun /ka/ + kecap nu nuduhkeun pagawéan  
b. Jieun kecap nu maké wangun /ka/ + kecap nu nuduhkeun tempat

### Nyieun Kalimah

- Kecap-kecap nu meunang nyieun tadi pék larapkeun kana kalimah!
- Badamikeun jeung babaturan!
- Mun geus réngsé, pék lisankeun!

## G. Ngalisankeun Sora

### Ngalisankeun Sora /é/ jeung Sora /e/

Ngabédakeun sora /é/ jeung sora /e/ dina kecap jero kalimah.

Pék lisankeun sing béntés!

1. a. Kuring meuli *kécap* ti warung.  
b. Kecap *kuring* dina kalimah di luhur, *kecap* lemesna abdi.
2. a. Awit ceurik diseureud *éngang*.  
b. Kecap ceurik téh aya dua *engang*, **ceu-rik**.



3. a. Aki Dayan nuju moyan dina *téras*.  
b. Badé *teras* ka mana?
4. a. *Bébé*rkeun di nu panas baju téh!  
b. Pék *beber* ku perban éta raheut téh!
5. a. Abdi mésér obat di apoték nganggo *resép*.  
b. *Resep* téh piknik ka Pangandaran mah.
6. a. Maké pager *séség* supaya hayam téh teu bisa asup ka kebon!  
b. Geus maké tihang mah pager téh jadi *seseg*, moal sieun runtuh.
7. a. Pun Paman mah *godégna* mani gomplok.  
b. Basa dititah meuli martabak ogé, manéhna anggur *godeg*.
8. a. Tumpak kuda maké *séla* mah teu sieun labuh.  
b. Patlot abdi ragrag kana *se/a* korsi.

Dina kalimah-kalimah di luhur, aya kecap-kecap nu sora hurupna diucapkeunana teu sarua, nyaéta /é/ jeung /e/. Katitén aya tanda nu ngabédakeunana.

Nu maké tanda curek luhur hurupna, sorana kawas sora mun nyebutkeun /béca/, /kéréték/

Pék tuliskeun!

Ngaran tutumpakan nu aya hurup /é/an	Ngaran sayur/ lalab nu aya hurup /e/an
Conto: béca	Conto: wortel

Pék tuliskeun kecap-kecap anu ngabogaan sora /é/ jeung /e/.

1. Pék ucapkeun éta kecap-kecap téh sing béntés!
2. Jieun kalimah maké éta kecap!  
Conto: a. blék : Kurupuk diasupkeun kana **blék**.  
b. blek : **Blek**, budak téh titeundeut!

## H. Maca Ngajembaran

Baca sing gemet!

### Sapatu Hibar Syahrul Gafur



Sumber: [health.kompas.com](http://health.kompas.com)

Kungsi aya berita, boh dina koran boh dina acara salah sahiji televisi swasta. Eusi warta téh nyaéta dipanggihkeunana hiji modél sapatu anu fungsina kacida pisan pentingna pikeun kasalametan.

Dimasarakat beuki dieu téh beuki mahabu kajahatan. Kajahatanana kayaning 'penjambretan, penodongan, hipnotis, ngabius penumpang'. Kitu deui, nu jail ngaganggu ka kaom wanita, boh dina angkot, boh dina beus kota, atawa di jalan pasampangan. Mindeng kajadian kaom wanita anu ditodong direbut perhiasanana, direbut HP-na, dijéwang tasna. Malah aya nu dirogahala sagala.

Tah, jigana ku mindeng manggihan kajadian kawas kitu, boa deuih, karandapan ku babaturanana, siswa SMP Negeri I Bogor anu umurna kakara 14 taun téh, ngarasa melang. Kumaha mun éta kajadian tumiba ka kulawargana. Éta budak, boga gagasan hayang nyalametkeun papada jalma, hususna kaom wanita. Nya, manéhna mikir, janggélék baé pilihan téh kana sapatu. Sapatu mah bisa langsung ditajongkeun kana suku nu jahat. Tangtu baé kudu maké sapatu anu husus. Kacipta

kawasna, siswa anu ngaran Hibar téh terus konsultasi jeung guru pembimbingna. Éta gagasan diwujudkeun dina sapatu anu dimodifikasi, maké tegangan listrik 450W. Éta sapatu téh meunang sababaraha kali percobaan.

Sapatu anti kekerasan hasil karya Hibar Syahrul Gafur (14 taun), nyaéta siswa kelas VIII SMPN I Bogor téh diilukeun dina ajang kompetisi “*Sain Internasional Exhibition of Young Inventors (IEYI) 2013* di Kuala Lumpur, Malaysia”. Malah hasilna ogé meunang medali emas pikeun kategori *Safeti and Health*.

Babaturan sasakolana, umumna warga SMPN I Bogor kacida bungaheunana. Saréréa milu reueus ku préstasina meunang medali emas.

Kitu deui, Wakil Kepala SMPN I Bogor, Bapa Budiman BW nyebutkeun, pangalaman Hibar ngajadikeun tumuwuhna sumanget keur murid-murid séjénna geusan némbongkeun préstasina supaya teu éléh ku bangsa séjén.

*(Diropéa tina sumber internét)*

Dina bacaan (1) “Imah Awi Jatnika”. Geus dipedar tokoh ngaran Jatnika nu geus manggihkeun, nyiptakeun, modél imah pikeun ékspor ka daérah jeung nagara séjén. Dina bacaan (2) tokoh nu ngaran Hibar Syahrul Gafur (14 taun) geus manggihkeun, nyiptakeun sapatu anti kekerasan, “Safety and Health.” Dua barang ciptaan anu kacida mangpaatna keur nu séjén.

### **Nyaritakeun Bacaan**

Baca deui kalawan taliti carita sapatu téh!

- a. Panggihkeun poko-poko caritana.
- b. Jieun ringkesan carita dumasar kana poko-pokona, maké kekecapan sorangan.
- c. Geus réngsé, pék baca sing tartib .

## I. Nulis Sajak

Ayeuna mah hayu urang nulis sajak maké cara manjangkeun kecap nu dibéréndélkeun ka handap, upamana ngaran sorangan atawa naon baé. Mun geus réngsé, tukeurkeun sajak nu urang téh jeung nu babaturan. Pék lisankeun, resep geura!

Ieu ayeuna contona.

### Basa Sunda

*Basa Sunda basa daérah urang*

*Ayana di Propinsi Jawa Barat*

*Sering nu nyebut basa urang Priangan*

*Aya ogé nu maké di Cirebon jeung Banten*

*Saha baé kudu miara basana*

*Urang kudu ngarasa reueus*

*Nagara jadi beunghar budaya basana*

*Dina globalisasi, basa Sunda mageuhan idéntitas bangsa*

*Alhamdulillah, mugia tetep manggung di propinsina*

### Pancen mandiri, bisa dijieun di imah

Tulis sajak bébas ngeunaan ieu hal.

- Judulna, Imah atawa Sapatu( impleng, ciptakeun, tuluy tulis!)
- Wangun sajakna bébas, teu kauger ku jumlah jajaran, kumaha kahayang atawa karep murid. Rék naon nu digambarkeun/dicaritakeunana bébas.
- Kitu deui média basana bébas, Naon-naon nu rék digambarkeun/dicaritakeun bisa maké kekecapan nu boga harti saujuratna, harti injeuman/gaya basa atawa babasan
- Baca keur babaturan sabangku, pék sina ngoméntaran
- Diskusikeun.



## J. Ngadéklamasikeun Sajak

Ieu di handap aya sajak. Baca heula dina jero haté, tuluy apalkeun.  
Geus kitu, pidangkeun di hareupeun babaturan hidep!

### Panyawangan di Mumunggang Pasirpogor

Aya saung di mumunggang  
nenggang di Pasirpogor  
Panempo marabat ti lamping  
pasir pinuh ku tutuwuhan  
haréndong buahna ngaruntuy bungur  
lampeni pucukna héjo.  
kembang saliaira ngajarumpluk rungkun  
Aya tangkal bintinu di juru  
Ruyuk kiompés kembangna bodas  
Di lebak wahangan Cipalebuh caina  
hérang taheuran timah, ditéang  
di lebah kénca. Ditumbu lembur  
Cikupa. Panempo nutur-nutur  
walungan pungkal-péngkol ka hilir  
anjog ka muara.  
Dibagéa ombak laut. Tingarombak ngagulung  
bodas budah mankawura di basisir  
Ngembat-ngembat kawas rénda  
mapay sisi nepi ka Sayang Heulang.  
Di laut kulon Cilauteureun palabuhan lawas  
ngajak eureun  
Aya saung di mumunggang  
Pasirpogor. Paragi ngumbar panempo  
Nempo kaéndahan alam  
imah-imah nu témbong ukur suhunan  
Kasumputkeun ku tutuwuhan  
Aya haseup nu ngelun tina durukan  
Aya haseup ti dapur imah  
Boa keur nyangu

*Aya saung di mumunggang Pasir  
Paragi nyawang kaéndahan  
Kaéndahan nu nyampak rampak  
Satungtung paninggul  
Marangkak na sanubari  
Ti Yang Widi*

*(Kenging: Ano Karsana. Suaka Indah  
Cimahi, 30 Oktober 2013)*

Jawab pertanyaan ieu di handap!

1. Sebutkeun ngaran-ngaran tutuwuhan nu ditataan dina éta sajak!
2. Naon hartina "saung di mumunggang Pasirpogor" téh?
3. Naha disebut saung panyawangan?
4. Naha wahangan Cipalebuh caina disebut kawas "taheuran timah"?
5. Kumaha perasaan hidep mun nempo kaayaan alam kawas nu diébréhkeun dina éta sajak?

### **Migawé Pancén!**


1. Sabada maca sajak "Panyawangan Di Mumunggang Pasirpogor", tangtu aya kecap nu can dipikanyaho hartina ku hidep. Pék catet tuluytéangan hartina dina Kamus Basa Sunda.
2. Pék éta sajak téh baca sababaraha balikan dina jero haté. Terus baca bedaskeunsing bener lentongna luyu jeung eusina.

### **K. Nyaritakeun Deui**

Ieu di handap aya bacaan. Pék baca heula dina jero haté, tuluy caritakeun deui di hareupeun babaturan.

## Nu Manggihan Mesin Kaput

Bapa kuring téh tukang ngaput. Mesin kaputna mesin kaput “duduk” (diuk). Makéna diputerkeun ku leungeun. Ngaputna oge di imah baé teu incah balilahan. Nu rék ngéngkén daratang sorangan. Ayeuna sok aya tukang kaput nu ngider ka lembur, nguriling ka unggal komplék paimahan. Kasebutna tukang kaput béca, tukang kaput “gerobak”. Kaayeunakeun mah aya nu ku dinamo muterkeunana téh.



Sumber: [www.biography.com](http://www.biography.com) dan [www.sewalot.com](http://www.sewalot.com)

Mesin kaput nu disebutan bieu téh moal aya, lamun seug jalma nu ngaran Elias Howé teu manggihkeun mesin paranti ngaput. Elias Howé téh lahir di Spencer Massachusetts, Amérika Serikat, 9 Juli 1819.

Kulawarga Elias, boga lahan pertanian nu dikokolakeun ku kulawarga. Elias téh budak nu ulet diajar, malah boga karep kana “permesinan”.

Keur umur 16 taun, Elias digawe di pabrik tékstil di lemburna. Magang ahli mesin. Ti dinya, pindah ka pabrik mesin kapas di Lowell Massachusetts. Saterusna, pindah deui ka pabrik érloji nu aya di Boston jeung pabrik instrumén ilmiah nu aya di Cambridge.

Dina taun 1840 Elias nikah, sarta diparengkeun boga budak tilu. Elias ngarandapan gering. Salila gering téh Elias mindeng nyaksian istrina ngaput. Jorojoy hayang nyiptakeun mesin kaput nu niron gerakan leungeun keur ngaput.

Elias terus mikir hayang ngawujudkeun gagasanana. Terus-terusan nyoba, sanajan can ngarasa sugema. Manéhna nyieun mesin niron gerakan leungeun nu keur kakaput maké jarum nu liangna dina tungtung luhur. Gagal. Manéhna terus mikir daria naker, nepi ka kabawa ngimpi. Ngimpi aya saabrulan jalma kanibal anu nubles-nubleskeun

tumbak kana beuteungna sacara ngawirahma. Elias terus nempokeun gerakna tumbak, tétéla di tungtung tumbak téh aya liangan. Tungtung tumbak ieu nu jadi inspirasina.

Basa umurna nincak 25 taun, taun 1844, Elias geus hasil nyiptakeun mesin kaput nu kadua, nyaéta sakumaha nu ayeuna diparaké ku balaréa.

Taun 1846, Elias maténkeun hasil ciptaanana. Manéhna ngenalkeun ciptaanana di Inggris, sarta ngajual hak paténna saharga 250 poundsterling ka William Tomas, dina taun 1847. Sarta terus digawé di dinya jadi tukang ngoméan mesin kaput nepi ka bisa dipake ngaput karpét, kulit, jeung sabangsana. Manéhna gering, balik ka Boston Amérika Serikat. Istrina oge gering, tuluy maot.

Hirup Elias terus-terusan meunang cocoba. Mesin kaput hasil ciptaanana padah maling ku pengusaha. Sarta terus dijualan. Kitu deui, pengusaha Isaac M. Singer milu maling. Elias Howe berjuang salila 5 taun di pengadilan. Ahirna Elias bisa ngarebut deui hak paténna. Singer kudu mayar, mulangkeun royalti ti unggal mesin kaput nu dijual di Amérika Serikat.

Basa kajadian “perang sadulur” di Amérika, Elias jadi prajurit sarta nyieun pasukan infantri jeung nyieun sagala rupa pakakas jeung pakéan dikaput ku mesin kaput hasil ciptaanana.

Elias Howé maot dina umur 48 taun di Brooklyn, New York.

*(Diropéa tina Penemu Mesin Jahit, Pikiran Rakyat 24 Oktober 2013)*

### **Jawab ieu pertanyaan di handap!**

1. Naon alesanana Elias Howe nyiptakeun mesin kaput?
2. Kumaha pamanggih hidep kana watek pasipatan Elias téh?
3. Ka mana Elias ngawanohkeun (mengenalkan) mesin kaput ciptaanana?
4. Saha diantara pengusaha nu maling sarta ngajual idé mesin kaput sacara bébas?
5. Sebutkeun kalawan singget poko-poko kajadian nu kungsi kaalaman ku Elias Howe dumasar kana éta bacaan!



## L. Maca Ngeuyeuban Pangajaran

Pék baca ku hidep nepi ka kacangkem eusina!

### Nangkadak ti Mekarsari

Ayeuna loba bungbuahan jeung sayuran minangka hasil tina cara hibrida. Hibrida téh nyaéta téhnik anyar dina pepelakan, hasil rékayasa ngawinkeun dua tutuwuhan anu béda. Jadi, hibrida mah jieunan manusa anu motékar, nu ahli dina widang tutuwuhan. Salah sahiji hasilna nyaéta nangkadak, ngawinkeun nangka jeung campedak.

Nangkadak atawa nangka campedak téh hasil inovasi para ahli di Taman Wisata Mekarsari, Jawa Barat. Gagasanana mah tina kahayang nyuguhkeun bungbuahan, nembrak dina meja. Kitu ceuk Ramadhan Yuda Prasetya, ahli pemuliaan di Taman Wisata Mekarsari.

Nangkadak hasil upaya nyokot kapunjulan nangka jeung campedak. Nangka mah bisa didahar langsung, atawa diolah dijieun kiripik jeung dodol. Kitu deui, bisa dicampur jeung es buah. Beuratna nu gedé mah bisa nepi ka 40kg. Hésé dipesék, da loba geutahna. Warnana camplungna konéng orén.

Ari campedak, beuratna antara 3 - 4kg, kulit jeung daging buahna babari dipesék, euweuh geutahan. Daging buahna ipis, warnana konéng, rasana amis jeung seungit. Nangkadak mah babari dipelakna jeung téréh buahanana.

Ayana nangkadak di Taman Wisata Mekarsari, dimimitian ku Drg. Santoso, nu mawa tangkal nangka mini. Anjeunna téh réréncangan Gregori G. Hambali, salah saurang staf ahli Taman Wisata Mekarsari.

Harita nangka mini keur kembangan (bunga betina). Saterusna, kembang (bunga jantan) tina tangkal campedak nu aya di Taman Wisata Mekarsari dicokot, tuluy baé di hijikeun. Ngabinihkeun di kebon panalungtikan Gregori G. Hambali. Geus jadi tangkal, terus dipelak di taman. sanggeus umurna dua taun kakara kapetik hasilna.



Sumber: [banigemma.blogspot.com](http://banigemma.blogspot.com)

### Ngajawab Pertanyaan

**Sanggeus bidep maca kalawan saregep, pék jawab pertanyaan ieu di handap!**

1. Naon anu disebut hibrida?
2. Naon ari nangkadak téh?
3. Naha éta tutuwuhan disebutna nangkadak?
4. Tutuwuhan anu kumaha, anu bisa di hijikeun (direkayasa)?
5. Sebutkeun conto séjén tutuwuhan hasil hibrida!
6. Naon maksudna para ahli di Taman Wisata Mekarsari nyieun tutuwuhan anyar?
7. Ngalobaan tangkal aya nu ku cara nyangkok jeung okulasi. Nu kumaha éta téh?
8. Caritakeun deui ku basa sorangan, kumaha mimitina nimukeun nangkadak téh?

Sanggeus hidep maca jeung nyangkem eusi bacaan di luhur, ayeuna hidep bakal diajar nulis karangan narasi. Hidep tangtu kungsi prakték pertanian/taman, prak-prakan nyangkok jeung ngikulasi tangkal kekembangan jeung bungbuahan. Dumasar kana catetanana, pék caritakeun (nulis karangan narasi) kumaha cara-cara migawé nyieun cangkakan (*okulasi*) téh. Paké basa Sunda anu hadé. Bisa badami jeung babaturan. Mun geus réngsé sina dipariksa ku guru. Baca bagilir di hareupeun kelas.

### Migawé Tugas Mandiri

Tugas hidep (mandiri) bisa dijieun di imah masing-masing

1. Téangan, inget-inget, hiji jalma (tokoh) saha ngaranna, urang mana, iraha jeung di mana lahirna, naon pendidikanana, widang naon kaahlianana, atawa naon jasana (bisa nimukeun atawa manggihkeun naon nepi ka kawentar di masarakat).
2. Geus boga catetanana kasebut mah, jieun karangan narasi maké basa Sunda anu hadé.





# PANGARUH GLOBALISASI




Sumber: [mcosbali.com](http://mcosbali.com)

## A. Maca Jero Haté

Pék baca dina jero haté wacana ieu di handap!

### Pangaruh Globalisasi kana Lingkungan jeung Kahirupan



Sumber: [www.mampoo.com](http://www.mampoo.com)

Globalisasi, éta kecap téh geus mindeng disebut ku urang. Éta kecap téh nuduhkeun kaayaan sakuliah dunya geus dianggap salingkungan. Mun di nagara batur aya téhnik komunikasi, komputer, siaran televisi, sarua di urang ogé aya nu kitu. Urang kacida gampangna hayang nyaho naon baé nu aya di batur, anu tempatna jauh. Muka *internet* mah jol bréh baé kapanggih, aya di hareupeun urang. Kaayaan tempat-tempat sadunya, anu sakitu jauhna jadi deukeut pisan. Kawas urang jeung tatangga baé. Kahirupan batur di nagara séjén nu bébas pergaulanana, modeu pakéan, kadaharan, nu teu sarua jeung kaayaan urang babari pisan pangaruhna nepi ka urang. Loba ditarurutan sanajan teu sarua jeung adat-istiadatna atawa kabiasaan hirup di urang. Kitu diantarana, ayana téknologi nu kacida maju, modern. Salian ti éta, pangaruh ékonomi atawa perdagangan anu sifatna global, bisa ngéléhkeun nu aya di urang. Contona, bungbuahan saperti kadu



(durén), apel, jeruk, bawang, béas, jeung sapapadana, éléh ku nu jol ti luar negeri. Durén asli jeung jambu éleh ku durén bangkok jeung jambu bangkok, apel malang éléh ku apel california, jeruk garut éléh ku jeruk RRT. Bawang beureum nu ti Ciparay, Brebes, éléh ku bawang vietnam. béas cianjur éléh ku béas vietnam

Tingtorojol buah nu saméméhna teu aya di urang, saperti kiwi, buah pir. Kitu deui, dahareun “cepat saji”, saperti burger, pizza.

Pangaruh globalisasi dina widang pariwisata, tempat-tempat wisata dibangun. Anu tadina lahan pertanian, pasawahan, dirombak jadi tempat wisata. Lahan sawah jadi nyaeutikan. Patani jadi teu nyawah. industri diadegkeun, pabrik-pabrik dibangun. Kitu deui, pabrik mobil, pabrik motor di ungal tempat. Lahan sawah, lahan kebon, beuki kurang. Hasil tatanén, paré, béas kabutuh urang ogé diimpor ka nagara urang. Nu masih aya lahan pertanian, nu ngolah sawah, patani teu aya nu neruskeun da arindit ka kota jadi buruh pabrik.

Pangwangunan kota, jalan, jeung komplek “perumahan” dihangkeutkeun. Leuweung dibukbak dipaké jalan tol. Tatangkalan ditaluaran, leuweung gundul lantaran kaperluan bahan kai kacida gedéna, balukarna alam jadi ruksak. Ku ruksakna alam timbul musibah. Jadi mindeng aya urug jeung caah. Lian ti éta loba lahan anu kakeueum lantaran dipaké bendungan, sabab urang butuh ku tanaga listrik anu dihasilkeun tina éta bendungan.

Baréto pasawahan di Karawang téh lega upluk-aplak. Paré anu dihasilkeun ti dinya bisa nyumponan pangabutuh di Jawa Barat. Karawang meunang jujuluk gudang paré. Ari kiwari di dinya jlug-jleg pabrik anu ngalantarankeun lahan pasawahan kacontang. Antukna produksi béas di Karawang nyirorot. Pikeun nyumponan pangabutuh masarakat, kapaksa ngimpor ti luar negri. Karawang anu tadina gudang béas anu jadi andelan Indonesia ayeuna mah kudu ngadatangkeun béas ti luar.

Ku lobana pabrik dina lahan sawah, loba patani anu ngaligeuh. Lantaran rék digawé di pabrik teu katarima sabab geus kolot teuing.

Tah kitu di antarana, pangaruh globalisasi kana lingkungan jeung kahirupan urang téh.

## B. Ngajawab Pertanyaan

Sanggeus dibaca, pék jawab ieu pertanyaan!

1. Naon kauntunganana diwangunna pabrik, industri di Karawag?
2. Diwangunna pabrik dina lahan pasawahan, naon pangaruhna kana kahirupan didinya!
3. Pangwangunan naon baé nu aya di daérah Karawang téh?
4. Ku kamajuan tehnik komunikasi ayana internét, aya handphone (hape), jsppd., urang babari meunang informasi. Naon mangpaatna keur urang?
5. Ayana globalisasi perdagangan, produk pertanian urang mindeng kadéséh, kaéléhkeun ku produk impor. Naha bet kitu?

## C. Ngalarapkeun Kecap

Harti kecap-kecap téh geus nyampak dina kamus. Hidep bisa babarengan jeung babaturan néangan kecap-kecap ieu di handap. Pék baé bari diskusikeun!

1. global
2. seluler
3. internét
4. teknologi
5. informatika
6. komunikasi
7. fitur
8. virus komputer
9. anti virus
10. téhnik

Yu urang nuliskeun deui kecap-kecap atawa istilah nu asalna tina pangaruh globalisasi

Kecap-kecap dina basa Sunda téh terus nambahan jumlahna ku datangna barang-barang anyar. Saperti peralatan tehnik, éléktronik. Kitu deui, kadaharan hasil impor, bungbuahan nu tadina teu nyampak. Ngaran-ngaranna téh sakumaha aslina, dipaké ku urang dina caritaan. Upamana; buah pir, buah kiwi.

Bisa waé ngaran bungbuahan asli urang, saperti buah kupa, buah kadongdong, ceremé, moal dipaké dina caritaan sapopoé. Apan, nu kitu mah langka aya nu ngajual.kaganti ku nu anyar. Conto séjén parabot rumah tangga.Pék baé sebutan ku hidep jeung babaturan.

## D. Maca Jero Haté

Yu, urang maca!



### Hapé

*Handphone* (hapé) téh barang anyar produk perusahaan elektronik ti luar negri, gunana minangka alat komunikasi. Mimiti diwanohkeun di Indonesia dina taun 1996. Wangunna kotak leutik, babari dikeupeul, sarta hampang.

Hapé produk taun 2000-an, nu tadina ukuranana leutik téh ngised kana ukuran menengah. Satutas taun 2000-an wangunna ngalaman inovasi anyar robah deui, ukuranana jadi gedé.

*Sumber: [handphoneandroid.net](http://handphoneandroid.net)*

Sanggeus ngawasa pasar hapé sababaraha lilana di sababaraha tempat, pausahaan ti Finlandia téh ahirna mah asup kana Hapé aksés internét, maké papan ketik modél komputer. Ngaliwatan Black Berry ti mimiti taun 2008. Carita méh sarua jeung komputer sabak atawa tablét. Sanggeus aya *Ipad* generasi awal anu ukuran layar + 10 inci taun 2010. Torojol deui ukuran leutik + 5 inci. Nu ieu gé teu lila umurna, da cenah ukuran tablét kurang praktis,

jeung deuih teu kuat fitur telefonna. Ti dinya, disusul ku generasi anyar *phablét* (phoné tablét) ti mimiti taun 2012.

Ti kelompok komputer jingjing atawa laptop, ukuran munggaran mah gedé, boh ukuran layar, boh ukuran papan ketikna. Rék nyaruaan komputer personal (*désktop*). Dina taun 2006 torojol deui modél anyar ti perusahaan mérek sején nyaéta Apple Mac-Book. Nu ieu leuwih alus jeung praktis.

Urang nu mikabutuh, teu weléh kagoda ku modél nu anyar, nu leuwih canggih.

*(Diropéa tina Tak Pernah Puas “Gadget Kita!”,  
Pikiran Rakyat, 31 Oktober 2013)*

### Ngajawab Pertanyaan

Sanggeus nengetan bacaan “Gadget” (Hapé), yu urang ngajawab pertanyaan ieu di handap.

1. Nyaritakeun naon bacaan “Hapé” téh?
2. Kumaha cara ngagunakeun Hapé sangkan leuwih mangpaat?
3. Hapé nu dikaluarkeun ku pabrik téh téréh gunti-gantina modél jeung wangunna. Naha kajadianana kitu?
4. Kumaha koméntar hidep kana kamekaran produksi hapé ti taun ka taun nu terus robah-robah?
5. Kumaha pamanggih hidep kana kamajuan teknologi komunikasi elektronik di Indonésia?

### Bahan Lenyepaneun

#### Pék baca deui wacana “Gadgét” (Hapé) téh

Dina bacaan kapanggih datangna komputer, ipad, hapé, jeung réa-réa deui alat-alat komunikasi, tehnik. Kekecapan atawa istilah ngaran barang téh ku urang disebut sakumaha ngaran aslina éta barang baé. Sok aya éta ogé anu nyieun gaganti ngaran atawa istilah dina basa Sunda.

Basa Sunda nambahan kabeungharan kecapna, ku ayana barang-barang anyar nu asup ka nagara urang.



## Pancén

Pék, tuliskeun kecap nu patali jeung barang komputer, laptop, tablét. Kitu deui, istilah-istilah nu geus aya gagantina dina basa Sunda.

### É. Nyaritakeun Deui

Ieu di handap aya bacaan. Pék baca heula dina jero haté, tuluy caritakeun deui eusina di hareupeun babaturan!

#### **Nyaba ka Dunya Maya** (Karangan: Atép Kurnia)

Aya mangsana sorangan meunang panglandi si Raja Donlod. Babaturan nu ngalélér éta gelar téh. Bisa jadi mimitina heureuy. iseng. Sorangan nu narimana, éra aya, hémeng aya. Ngan sanggeus sababaraha balikan uleng dipikiran, karasa reuhreuy. Béh dieuna mah bet sindiran lemes nu karampa tina éta landian téh. Pédah sorangan kabarandungan kokomoan kana internét, meureun.

Mémang enya karasa ku sorangan. Ti mimiti wawuh kana internét taun 2006, geus ngaprak ka mamana di dunya maya téh. Ngapruk sagala dituju. Sakur nu narik ati, ditéangan informasina. Dikumpulkeun, dihu-nyudkeun. Buktina geus aya genep wadah cd dieusi rupaning data nu dikunjal ti internét.

Padahal internét téa atuh pikiraneun. Da ka ditu ka dieu atuh dina internét mah. Matak saru, matak tigurawil bajing, tibuburanjat tuma. Geura wé mun urang muka hiji situs, tangtu kana bakal nungtun muka deui situs séjénna, réa situs nu kabuka nalika ngumpulkeun informasi sabudeureunana. Lantaran sipatna nu silih patula-patali. Ngaling téa, istilahna.



Sumber: [streetlightmag.com](http://streetlightmag.com)

Teu wudu matak ripuh ku dua ku tilu. Kahiji lantaran loba teuing nu diaksés jeung dikunjalna, sorangan jadi hésé mulah-milih datana. Ngolom-ngolomkeunana. Kaduana lolongkrang keur maca, ngabandungan, ngalalajoan saban nu kungsi dikunjalan tina dunya maya téh beuki hésé, can gemet dibaca, torojol deui data nu anyar. Komo ninggang di nu ngaksés internétna di warnét mah, matak olok pésak.

Éta hal landian nyadarkeun yén moal aya nu bisa ngawasa sagala hal. Anggér kabéh gé di antara urang kawatesanan. Kawatesanan ku mangsa, ku tanaga, jeung ku waragad.

Tapi, sacara umum gé nu karandapan ku sorangan téh bisa jadi nuduhkeun ayana gejala *cultural shock* nu tangtu kaalaman ku urang Indonésia umumna.

*(Disarikeun tina “Kasarad ka Dunya Maya”,  
Cupu Manik édisi Séptémber 2013, kaca 98-100)*

### Ngajawab Pertanyaan

Yu, urang ngajawab pertanyaan!

1. Naon sababna nu ngarang ieu tulisan dilandi si Raja Donlod?
2. Kumaha carana ngaprak di dunya maya téh?
3. Naon ari nu disebut dunya maya dina bacaan di luhur?
4. Kudu kumaha cara hidep ngagunakeun internét, supaya leuwih mangpaat?
5. Kumaha pangalaman nu ngarang “Dunya Maya”. dina ngagunakeun internét?

### F. Néangan Harti Kecap

Urang ngahartikeun kecap, yu! Tuluy larapkeun kana kalimah!

1. kokomoan
2. sindiran

3. Hémeng
4. lalandian
5. ngahunyud
6. waragad
7. dikunjal
8. olok
9. Uleng
10. kawatesanan

Tengetan kecap dina kalimah ieu!

*Aya mangsana sorangan meunang panglandi si Raja Donlod.*

Kecap *panglandi*, diwangun ku rarangkén *pang* jeung kecap asal *landi*. Harti kecap landi nyaéta ngaganti ngaran. Urang nyieun conto séjén, kecap nu maké ‘pang’, terus éta kecap jieun kalimah!


Hayu urang nengetan, merhatikeun kecap sorangan nu di paké dina kalimah

- Aya mangsana *sorangan* meunang panglandi
  - *Sorangan* nu narimana.
  - Pédah *sorangan* kabarandungan kokomoan kana internét
- Pék tengetan deui!
- Aya mangsana *kuring* meunang panglandi.
  - *Kuring* nu narimana.
  - Pédah *kuring* kabarandungan kokomoan kana internét

Kecap *sorangan* dina kalimah di luhur minangka gaganti tinu nyarita, nyaéta nu nulis nyaba ka dunya maya.

Urang bandingkeun jeung kecap sorangan dina kalimah nu ieu

1. Tong nitahan batur atuh, cokot ku sorangan baé buku téh.  
(Maksud sorangan, nya éta dirina sacara pribadi)
2. Inditna ka Tangkubanparahu téh kahayangna sorangan, taya nu ngajak nu maksa.  
(Maksudna nya éta lain rombongan, tapi sacara individu, sacara pribadi)

- 
3. Tong nitahan batur atuh, cokot ku sorangan baé buku téh.  
(Maksud *sorangan*, nyaéta dirina pribadi)
  4. Inditna ka Tangkubanparahu téh kahayangna sorangan, taya nu ngajak nu maksa.  
(Maksudna nyaéta lain rombongan, tapi sacara individu, sacara pribadi)

Tah, ayeuna mah hidep geus ngarti kana maksud kecap *sorangan*

## **G. Maca Ngajembaran**

Ieu di handap aya bacaan. Pék baca pikeun ngajembaran kaweruh hidep!

### **Bandung Diusulkeun ka Unesco Jadi Kota Kreatif**

Kementrian Pariwisata dan Ekonomi Kreatif ngajukeun opat kota di Indonesia nyaéta Bandung, Yogyakarta, Solo jeung Pekalongan pikeun jadi kota kreatif ka lembaga PBB di widang pendidikan, ilmu pengetahuan, jeung budaya atawa UNESCO.

“Pamarentah geus ngajukeun berkasna ka UNESCO jeung nunjuk konsultan, dipiharep bisa diprosés taun ieu nu harepanana bisa diumumkeun taun hareup”, ceuk Menteri Parekraf, Maria Elka Pangestu.

Jaringan kota kreatif dikaluarkeun ku UNESCO dina bulan Oktober 2004 ngaliwatan seléksi pikeun sababaraha kota anu ngajukeun jadi kota kreatif di dunya.

Menteri miharep, opat kota di Indonesia ieu bisa asup ku jaringan kota kreatif dunya versi UNESCO ku rupa-rupa mangpaat informasi sakaligus promosi daerah.





Sumber: [amazingbandung.com](http://amazingbandung.com)

“Ieu téh salah sahiji tarékah keur ngarojong kota-kota di Indonesia supaya bisa langkung soso-soso dina nyadiakeun sarana jeung prasaranana boh dina fisikna boh nonfisik keur ngawujudkeun jadi kota kreatif anu kawentar di dunya,” pokna.

Menteri nétélakeun, UNESCO ngatégorikeun kota kréatif dina dua golongan nyaéta kota anu basisna karajinan jeung kota nu basisna disain.

“Intina UNESCO bakal nempo '*urban planning concept*-na', geus bisa ngarojong kreatifitas masarakatna, ngawangun sarana jeung prasarana henteu ngan saukur fisik tapi ogé nonfisik”.

Di kota-kota anu dianggap pantes pikeun diajukeun jadi kota kreatif, upamana Solo dina unggal ahir minggu téh jalan-jalan ditutup nu tujuanana pikeun nyiptakeun rohangan kreatif keur masarakatna.

“Masarakat ngagelar pameran, méré kasempetan UKM sangkan bisa ngayakeun paméran, *performance art*, malah mah ngijinan usaha gratis keur UKM”.

Bandung minangka salasahiji kota anu dipromosikeun sangkan bisa jadi kota kreatif nu diaku ku UNESCO dipiharep bisa ngabuktikeun jeung tetep mertahankeun sagala rupa aset jeung SDM-na. Ayeuna téh geus mimiti dititénan ku bangsa deungeun utamana UNESCO.

## 1. Nyieun Tingkesan

Sanggeus maca jero haté, hidep bisa nyebutkeun gurat badag bacaan. Pok geura lisankeun ka babaturan, satuluyna naha Bandung diusulkeun ka PBB jadi kota kréatif.

## 2. Néangan Harti Kecap

Ieu di handap aya kecap-kecap anu has. Pék téangan hartina tuluy larapkeun kana kalimah.

- |              |              |
|--------------|--------------|
| 1. asét      | 5. deungeun  |
| 2. disain    | 6. fisik     |
| 3. Informasi | 7. konsultan |
| 4. Kréatif   | 8. promosi   |

Pék ku hidep sebutkeun naon nu jadi poko / inti wacana “Bandung Kota Kreatif” téh

## 3. Ieu aya panén keur hidep!

Tugas mandiri/individu, pigawé baé di imah!

Nulis karangan déskripsi ngeunaan pangaruh globalisasi. Pék naon baé topikna mah bisa ditulis ku hidep. Diskusikeun sareng Ibu/ Bapa guru.





# WIRAUSAHA



## A. Maca Jero Haté

Baca ieu wacana di handap sing gemet!

### Réstoran Sunda



Sumber: [cibiuk.my](http://cibiuk.my)

Kiwari rumah makan Sunda dug-deg di mamana. Ngaran-ngaran nu nyunda atawa istilah Sunda di réstoran Sunda sok ditulis dina plang, sangkan nu rék nyimpang apal kana papasakan naon nu disadiakeun atawa dijual di dinya. Aya ogé nu nuliskeun papasakan has cara nu mandiri jeung jadi papasakan kokojo cara pindang, sangu timbel atawa sop buntut. Masing-masing réstoran némbongkeun kabisana dina soal papasakan has Sunda. Sagala kadaharan nu geus jadi ciri has masarakat Sunda dijarieun kaasup nu kawilang langka cara sangu tutug oncom, pencok kacang panjang, malah aya nu nyadiakeun piritan lauk sagala. Lian ti nyadiakeun papasakan has, di réstoran-réstoran nu tangtu, malah cara ngawadahanana dina piring gé diréka-réka sangkan nyeni, sangkan nu daratang kataji. Sangu timbel nu asalna bekel ka kebon, ka sawah atawa bekel nyanyabaan, dibawa ka réstoran jadi menu has kumplit, kitu deui deungeunana.



Ku sabab tradisi dahar urang Sunda mah sila dina palupuh, atuh di réstoran gé dijieun tempat dahar ngampar samak modél di imah panggung. Aya nu dahar ngampar dina tempat modél saung, misah ti réstoran. Cara kieu niru modél saung sawah, niru patani ngawadang.

Pikeun ngahadirkeun kaayaan aslina, rohangan diréka sangkan jiga tempat dahar tradisional di pilemburan. Matrial nu umum dipaké imah cara awi jeung olahanana nu danyam cara bilik, diparaké pikeun ngawangun réstoran atawa papaés rohangan.

Kasadar soal awi minangka ciri imah Sunda tradisional ampir rata di unggal réstoran. Jadi, najan béda-béda rupana, réstoran Sunda mah boga ciri nu saragam, nyaéta maké awi dina rupa-rupa wandana. Awi dipaké keur konstruksi suhunan, tihang, bilik, jeung korsi, malah kap lampu gé dijieun tina awi. Hateupna gé lain kenténg tapi daun kiray atawa injuk nu biasa diparaké hateup di kampung adat. Aseupan nu biasa paranti nyangu, disulap jadi kap lampu gantung. Nya nu ngaran tiruan téa kadang-kadang leuwih ti rupa aslina.

Tah réstoran Sunda gé sabisa-bisa sok nyarieun balong dipelakan lauk kayaning lauk emas, lélé, guramé, jeung nila. Nya kabayang, dahar beuleum guramé sambara cobék, sambel jeung lalab kaasup peuteuy, diuk ngampar, tempatna dina saung, ditiupan hiliwir angin gunung, di sakurilingeunana sawah ngémplah héjo. Najan kudu mayar rada mahal da réstoranana nu batur komo sawahna mah, karasa dahar téh ponyo, ni'mat jeung sugema

*(Dilopéa tina Cupumanik Oktober 2011)*

## **B. Ngajawab Pertanyaan**

**Pikeun nyangkem eusi wacana, pék jawab pertanyaan ieu di handap!**

Sangeus dibaca kalawan taliti, dina wacana “Réstoran Sunda” téh kaunggel ngagambarkeun kaayaan warung Sunda anu jlug-jleg diayakeun di unggal tempat.

Supaya leuwih apal kana gambaran kaayaanana, jawab baé ieu pertanyaan.

1. Naon harti wirausaha dina kahirupan sapopoé?
2. Nyaritakeun usaha naon eusi bacaan “Réstoran Sunda” téh?
3. Nu kumaha dahar cara tradisi Sunda nurutkeun bacaan di luhur?
4. Naon baé nu bisa diconto ku urang tina bacaan?
5. Naha aya bédana antara warung nasi, restoran, jeung kafe? Jéntrékeun jawaban hidep!
6. Ngalakukeun wirausaha téh kudu boga modal. Naon ari modal téh?
7. Usaha naon baé nu teu ngaluarkeun modal gede?
8. Ayeuna mah jalma téh resep dalahar di réstoran nu nyadiakeun asakan tradisi Sunda. Naha raresep kitu?
9. Hidep kungsi ka réstoran Sunda? Sebutan kadaharan Sunda naon baé nu sok disadiakeun ku pihak pengelola restoran!
10. Kadaharan Sunda naon baé anu ngasakanana dibungkus ku daun?

### C. Néangan Harti Kamus

Urang néangan harti kecap. Pék badamikeun jeung babaturan. Mun bisa mah gunakeun kamus.

1. aseupan
2. injuk
3. cobék
4. kokojo
5. kiray
6. ngawadang
7. menu
8. ngampar
9. Pencok kacang

10. pindang
11. ponyo
12. saung
13. timbel
14. tutug oncom

Dina bacaan aya kecap: warung sangu, réstoran, rumah makan nu miboga harti sarua atawa sawanda

### D. Ngalarapkeun Kecap Sawanda

Kecap sawanda disebut ogé sasaruuan kecap.

**Pék ku hidep téangan kecap sawandana:**

1. Dug-deg
2. kiwari
3. lalab
4. sugema
5. dahar
6. tradisi
7. kokojo
8. nyimpang
9. saragam
10. wahangan

Éta kecap sawanda téh pék ku hidep jieun dina kalimah!

Conto:

***Lalab* = sayur**

Kalimahna : Di réstoran Sunda mah, sok disadiakeun sambel jeung *lalab*.

## E. Kecap tina Basa Arab

### Tengetan kalimah

*“Pikeun ngahadirkeun kaayaan asalina, rohangan diréka-réka.”*

Kecap *ngahadirkeun*, asalna tina kecap *hadir*. Kecap “hadir” téh kecap nu asalna tina basa Arab. Conto séjénna: *ahir, ahlak, akal, alamat, da’wah, hayat, hilap, jumlah*.

1. Pék badamikeun jeung babaturan, naon waé harti éta kecap téh! Jieun kalimahna. Lisankeun baé!
2. Aya informasi dina “Ngawawaas Dahar Cara Sunda” téh, pék pikiran deui, impleng deui. Informasikeun (béjakeun) maké basa Sunda anu hadé ka babaturan di hareupeun kelas. Geus kitu, tulis gurat badagna!
3. Bacaan “Réstoran Sunda” nyaritakeun wirausaha dina widang kadaharan, réstoran atawa warung sangu. Jigana, kaasup kana usaha “kulinér” nya?
4. Cik téangan ku hidep, bagian atawa alinéa mana nu ngadéskripsikeun (ngajéntrékeun) kawaas téa!
5. Keur latihan mah hidep bisa nyusun karangan péndék saalinéa baé panjangna dina wangun ‘déskripsi’ (ngagambarkeun)
  - Baca hareupeun babaturan sakelas!
  - Mun aya nu teu acan paham, taroskeun ka Bapa/Ibu Guru!

## F. Maca Ngajembaran

### Baca heula sing taliti!

#### KIRIPIK SAMPEU MA ICIH

Rupa-rupa kadaharan di unggal daérah, loba pisan jumlahna. Kadaharan minangka oléh-oléh ka nu nyaba ka hiji kota wisata. Tina rupa oléh-oléh di kota Bandung salasahijina nyaéta kiripik Ma Icih. Kiripik Ma Icih, dijual dimobilan nu diparkir di sisi jalan liliwatan nu pariknik. Kemasan atawa bungkusna gé alus tur narik ati.



Sababaraha produk Ma Icih geus terkenal ti pausahaan PT Ma Icih Inti Sinérgi nyaéta Kiripik lada (keripik pedas). Rupa-rupa *varian level*, tingkatan ladana. Salian ti kiripik, aya produk séjén di antarana basréng (baso goréng).

Dua produk kasebut, geus aya ti awal mula basa mimiti ngadeg perusahaan, tetep nagen nepi ka ayeuna.

PT Ma Icih Inti Sinérgi téh nyaéta perusahaan kiripik sampeu lada panggedéna di Indonésia. Kantor pusatna aya di Bandung, Jawa Barat. Ieu pausahaan téh ngadeg dina bulan Juni 2010. Tadina mah mangrupa perusahaan “Usaha Kecil Menengah (UKM)” kalawan papayung hukum CV. 29 Synérgi, tapi mimiti taun 2011 nu ngadegkeunana Réza Nurhilman ngarobah payung hukum tina CV jadi PT minangka payung hukumna.

Taun 2010, Réza mimiti gawé bareng jeung produsén kiripik lada jeung baso goréng di kota Cimahi. Kegiatan produksina sacara komérsial minangka industri rumah tangga nu sacara resmi maké ngaran CV. 29 Synérgi. Réza Nurhilman mimiti ngajual sacara *Word-of-Mouth* jeung maké “jejaring sosial” *twitter* akun pribadi.



Sumber: [www.kaskus.co.id](http://www.kaskus.co.id)

(Diropéa tina *Ma Ichi-Wikipedia bahasa Indonésia, énsiklopédia bébas*)

## G. Carita Narasi jeung Déskripsi

Dina ieu pangajaran, hidep dimimitian ku wacana bacaan “Ngawawaas Dahar Cara Sunda”, nu ngagambarkeun usaha réstoran (dagang sangu). Nu kadua wacana ngeunaan usaha dagang kiripik lada jeung basréng (baso goréng). Duanana, nyaritakeun usaha, wirausahawan.

Hidep geus bisa neguh, bacaan (1) mah caritana dimimitian ku nyaritakeun, nu dipungkas ku ngagambarkeun kaayaan. Dina bacaan (2) mah nyaritakeun.

Caritaan nu eusina nyaritakeun disebut ogé *narasi*. Dina pangajaran sastra mah nu kagolong narasi téh, di antarana “carita pondok (carpon)”, Nu ngagambarkeun kaayaan, disebutna *déskripsi*. Dina carita, narasi, kapanggih basana sok aya nu maké babasan, “gaya basa” ngupamakéun. Biasana maké kecap kawas, jiga, atawa saperti.

Conto : (1)

- Haseup nu kaluar ti gunung bitu **jiga** kembang raksasa keur mekar
- Katingal ti kajauhan, cai Curug Limbung téh **kawas** salindang warna pérak nyampay dina héjo dangdaunan

Conto : (2)

Kolot ogé ayeuna mah teu meunang limpeuran, ulah sok diengké-engké. Inget prak, inget prak. Tuluy sasapu ngareunah galeuh, bari ngawih:

*“Prak-tuk-prak-tuk-prak,  
Prak- tuk- prak- tuk- prak,  
Ulah kudu dikukuprak,  
Prak, prak.  
Tuh geuning teu burung lénang deui.  
Geus tenang mah ambu betah, geus betah mah hayang  
nyeupah. Ah, rék Nyeupah*

*(Tina carita novel barudak “Si Donca”*

*Karya Yus Rusyana)*

Dina carita narasi, aya kecap anu disebut sababaraha kali. Pék ku hidep tengetan. Kitu deui, aya sora kecap nu dirajék.

Pikeun latihan, hidep bisa néangan conto lianna, jeung nyieun sorangan kalimah-kalimah nu éndahna.

### Ayeuna urang maca sajak bébas!

Ieu eusi sajak téh nyaritakeun aki-aki nu dagang cocoan budak jeung balon. Si Aki ogé wirausaha leuleutikan.

#### **Aki jeung Balon** (Karya: Ami Raksanagara)

1. *beurat teuing léngkah aki ngukur jalan  
kota bandung geus biasa ku aki mah dilengkahan  
dibaturan ku sobat ngaran rancatan  
anu rantuy digantungan barang-barang kaulinan*
2. *kakapalan, kukudaan, tarompét henteu tinggaleun  
geus biasa unggal poé ka unggal budak nawarkeun  
ujang, eulis ieuh tingali barang aki  
geura galeuh keur ameng engké di bumi*
3. *aki, aki abdi mah da hoyong balon  
deudeuh teuing kasép di aki mah henteu aya  
niupna gé aki mah geus teu kawasa  
ripuh teuing da kedah nganggo tanaga  
ari aki sakieu nya kakolotan*
4. *mending ogé kasép ieu yeuh kokolécéran  
lamun angin muterna téh aduh jeung tarik pisan  
resep teuing engké améng lulumpatan*
5. *aki! kadieu! kétang da abdi mah moal meuli  
ulah kitu kasép bet abong ka aki-aki  
ceuk sepuh mah kasép ngaheureuyan téh pamali*
6. *hiji dua léngkahna teuing ku beurat  
aya haté milu lewang paur umurna bret pegat*

*teuing di mana si aki tetep nya matuh  
boa dina iuh tanjung atawa dipayung layung  
ngan nu nyata kulitna asak kapoé*

7. *aki, mun ngajoprak sisi jalan saha teuing nu nulungan  
aki, mun ngajoprak di jambatan di mana nya pamatuhan  
aki, mun umur pegat di jalan saha nu ngarawatan  
aki, aki rék ka mana lamun panonpoé saré*

*(Tina: Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua)*

### Ngajawab pertanyaan

Sanggeus nengetan eusi sajak, pancén hidep ayeuna mah ngajawab ieu pertanyaan.

1. Ku naon léngkah aki beurat? (ku hidep dipolahkeun ngaléngkah nu beurat)
  2. Saha sobat aki téh?
  3. Kumaha nu disebut kaayaan barang-barang rantuy téh?
  4. Naon nu dilampahkeun ku aki unggal poé? (ku hidep polahkeun cara nawarkeun dagangan aki)
  5. Naha aki teu dagang balon, sedengkeun balon téh karesep barudak? (pék polahkeun ku hidep, niup balon nu teu aya tanaga)
  6. Naha kolécér muterna kudu bari dibawa lumpat? (polahkeun, nyekel kolécér kertas bari lumpat)
  7. Pék baca sing bedas no (5) jajaran ka-1, ganti ku batur no (5) jajaran ka-2,-jeung jajaran ka-3
  8. Naon maksudna, kalimah umurna bret pegat?
  9. Saha nu nanya di no (7) téh
  10. Caritakeun deui eusi sajak téh dina wangun lancar ku basa sorangan!
- Pék baé ku hidep baca sababaraha balikan (maca jero haté)
  - Terus baca (maca bedas, nyoara) lentongna sing bener.
  - Hidep naroskeun ka Ibu/ Bapa guru mun aya kénéh nu teu matak kaharti maksudna



Di awal pangajaran 5, hidep geus maca wacana “Réstoran Sunda”. Pék baé tengetan deui éta bacaan téh. Wangun éta bacaan, mangrupa karangan déskripsi (ngagambarkeun). Sanajan ku hidep katitén éta karangan téh campur antara narasi (caritaan) jeung gambaran atawa déskripsi, ayana di bagian ahir carita.

## I. Maca Jero Haté

Hayu urang baca karangan déskripsi ieu di handap!

### Ékonomi Kréatif Tasikmalaya (ku: Jarkasih)



Kota Batik kuduna mah lain julukan keur kota Pekalongan, Jawa Tengah, tapi keur kota Tasikmalaya, Jawa Barat. Naha? Industri batik di Tasikmalaya geus mekar ti taun 1900-an mula. Diadegkeunana Koperasi Mitra Batik dina tanggal 17 Januari 1939 némbongkeun tumuwuhna industri batik di Tasikmalaya mesat pisan nepi ka perlu wadah organisasi pengusaha.

Munggaran antara taun 1960-an – 1970-an anggotana ngahontal 20 urang. Beuki lila jumlah anggotana beuki loba waé. Jaman Jepang, Mitra Batik angger nagen. Kitu deui jaman révolusi. Nguniangna pisan

ti awal taun 1950-an. Antara taun 1960-an – 1970-an industri batik di Tasikmalaya ngahontal kajayaanana. Ngan ti mimiti taun 1980-an, batik di Tasikmalaya kakalicesan, kasaéngan ku batik buatan pabrik.

Batik mémang henteu idéntik jeung Jawa. Dina naskah titinggal abad ka-16, Siksa Kandang Karesian, disebutkeun sababaraha corak batik, di antarana pupunjengan, hihinggulan, alas-alasan, memetahan, sisirangan, tarukhata, kembang taraté jeung urang-urangan. Ti tatar Sunda kapanggih kaén batik nu umurna antara 200 taun nepi ka 300 taun.

Anu nasibna méh sarua jeung batik: payung geulis. Taun 1980 ka handap nu nyarieunan payung geulis ubyag pisan. Tapi sabada mahabuna payung buatan Jepang, payung geulis muguran. “Ayeuna nu angger ngaproduksi payung geulis mung ukur di Panyingkiran, Indihiang,” ceuk Lili. 70 taun, nu taun 1970-an sok nyieunan payung geulis.

Nasib payung geulis kitu patojaiah jeung dipakéna gambar payung geulis dina logo atawa lambang pamaréntahan Kota Tasikmalaya. Ngandung harti payung geulis geus dijadikeun ikon Tasikmalaya. Bangunan terminal Tasik, mun ditempo ti kaanggangan, bentukna siga payung geulis.



Kumaha nasib ékonomi kréatif séjénna? Kelom, sendal nu dijieun tina kai jeung digambaran kekembangan, sendal husus keur wanoja, kaayaanana henteu matak gumbira, teu kawas taun 1980-an ka handap. Kelom teu mampuh ngayonan sendal buatan pabrik. Ayeuna nu masih nyieunan kelom bisa diitung ku ramo, henteu kawas bareto.

Bubuhan rancagé, kakalicesanana payung geulis, kelom jeung batik teu mugagkeun urang Tasikmalaya. Di antarana arusaha kana bordir, mukena jeung tiung. Bordir di Tasikmalaya geus maké mesin nu dijalankeun ku program komputer. Di pabrik bordir, mesin-mesin bordir téh ngabordir sorangan.

Bordir Tasikmalaya mun teu diperhatikeun ti ayeuna mula ka hareup mah nasibna bisa saperti batik, payung geulis atawa kelom. Pangusaha-pangusaha ti Jawa geus réa nu marawa urang Tasik nu geus ahli kana bordiran, sina digawé di ditu. Di Kudus, Jateng, deukeut Munara Kudus, upamana geus ngadeg pusat produksi bordiran nu karyawanna kabéh ogé urang Tasik.

*(Tina: Galura, édisi minggu III Oktober 2013)*

### Ngajawab pertanyaan

Sangkan hidep paham kana eusi bacaan, pék jawab ieu pertanyaan di handap!

1. Naha kota Tasik disebut kota batik?
2. Naon cirina, tumuwuhna industri batik di Tasik?
3. Iraha industri batik mimiti nanjungna?
4. Iraha mimiti mundur industri batik di Tasikmalaya téh?
5. Sebutkeun hasil industri kréatif Tasikmalayasalian ti batik!
6. Naon nu ngalantarankeun industri payung geulis teu maju?
7. Ceuk pamanggih hidep naha loba pengusaha bordir ti Jawa nu mawa pagawe ti Tasik?





Tengetan kalimah nu maké kecap *payung* ieu di handap! Pék hartikeun.

1. Waktu hujan Bu Guru *dipayung*.
2. Bapa Presiden jadi *papayung* nagara.
3. Méga téh *mayungan* rombongan nu keur pawéy Agustusan.
4. *Payung-payung* geulis keur digambaran kembang.
5. Langlayangan Usép ngapungna mani *mayung*.

## **F. Migawé Pancén**

Latihan nulis karangan déskripsi

- Tulis karangan nu ngagambarkeun hiji kaayaan atawa suasana. Panjangna mah saalinéa baé.
- Tugas nyorangan (mandiri) bisa dijieun di imah masing-masing





# MIARA KASÉHATAN MASARAKAT



Sumber: [www.solopos.com](http://www.solopos.com)

## A. Ngaregepkeun Biantara

Hayu urang ngaregepkeun biantara!

Jam 09.00.

Di buruan kantor RW XII, tos ngarumpul warga, bapa-bapa, ibu-ibu, jeung barudak. Kitu deui, nu rék masihan biantara, nyaéta patugas ti Dinas Keséhatan Kota. Ceramah nu rék didugikeunana ngeunaan “demam berdarah”

### Kaséhatan Masarakat



Sumber: [www.rikadanrekan.com](http://www.rikadanrekan.com)

*Assalamualaikum wr.wb.*

Bapa-bapa, Ibu-ibu, sadaya nu sami sumping, sim kuring ngahaturkeun wilujeng tepang. Mugia urang sadaya dipasih kaséhatan, kabagjaan, kabarokahan, ku Alloh Nu Kagungan, Nu Mahaséhat.

Nu badé didugikeun ku sim kuring dina kasempetan ayeuna, nyaéta perkara kasakit “demam berdarah”

Hadirin sadaya!

Saleresna mah urang sadaya ogé parantos terang. Naon atuh kasakit demam berdarah téh?

Éta kecap, teu kedah diterjemahkeun kana basa Sunda.Éta mah mangrupa istilah. Teu janten “harééng getihan”. Tuh, apan jadi teu kahartos, maksudna janten teu puguh.

Bapa-bapa, ibu-ibu!

“Demam berdarah” téh akibat urang teu maliré kana kabérsihan. Runtah nalambru sapaparat jalan. Pabalatak di juru pakarangan. Kitu deui, susukan atawa kamalir caina diantep ngeuyeumbeu. Runtah plastik nyocok, mendet. Tah, nu kitu téh bisa ngadatangkeun hawa teu seger, barau, ngabalukarkeun panyakit. Reungit nyarayang, ngarendog. Megar jaradi utek-utek, jaradi reungit déwasa. Rabeng néangan jelema cocoeun, dicoco saurang, terusna mah nerekab tatalepa ka unggal jalma.

Tah, ku sabab kitu, urang kedah resep hirup beresih, berséka. Beresih, séhat di lingkungan imah, di sabudeureun buruan. Buruan lalening, susukan caina lancar ngocorna.

Jadi, kaséhatan masarakat kacida pisan ayeuna mah ditangtukeunana ku lingkungan anu beresih. Nu teu beresih bisa ngalantarankeun datangna rupa-rupa panyakit.

Panyakit nu kacida dipikasieunna nyaéta panyakit “demam berdarah”

Ngartos, bapa-bapa?

Uninga, ibu-ibu ayeuna mah?

Urang kedah kacida bersékana, bersih lingkungan. Kitu deui, diri urang ogé apan kedah séhat.

Urang sadaya kedah merhatoskeun kaséhatan masarakat. Ciri-ciri, gejala “demam berdarah” nyaéta dingawitan ku awak panas ngadadak, antara 38-40 derajat *Celcius*, narokrok beureum dina kulit, beureumna téh akibat tina bituna pembuluh darah. Lamun seug dipariksa getih bakal katangén yén turunna kandungan trombosit.

Nu ngalantarankeun katarajang “demam berdarah” nyaéta alatan virus *dangué* nu dibawa ku reungit (nyamuk *Aédés Aegypti*). Panyakit “demam berdarah” bisa disinglar ku cara ngabasmi sayang reungit.

Hadirin, tos terang 3M?

Uninga, Pa? Naon panjangna 3M?



M nu kahiji menguras

M nu kadua menutup

M nu katilu menimbun/mengubur

Jadi, 3M téh program kaséhatan masarakat nu ayeuna keur digiatkeun mariksa utek-utek, jentik reungit ku jumantik (juru pemantau jentik)

Hadirin!

Petugas jumantik téh ti Puskesmas, kader posyandu. Tugasna mariksa bak mandi, wadah cai sejenna. Ciri-ciri jentik gerakna ti handap ka luhur teu eureun-eureun. Cicingna nangtung sisi bak. Geus 6-8 poé jentik jadi cacaka. Saterusna, dina 1-2 poe jadi reungit anyar.

Patugas murulukkeun *abaté* kana tempat nampung cai, supaya jentikna paraéh. Kitu deui, diayakeun “*foging*/pengasapan”

Tah kitu Bapa-bapa, Ibu-ibu. Tos terang ayeuna mah, sangkan teu aya panyakit DB, lingkungan kudu beresih.

Sakitu baé biantara ngeunaan DB, sareng cara ngabasmna.

*Wassalamualaikum, wr.wb.*

Hatur nuhun.

## B. Ngajawab Pertanyaan

Sangus ngaregepkeun téks biantara di luhur, sangkan paham kana eusina, pék jawab pertanyaan ieu di handap!.

1. Naon nu dicaritakeun dina biantara téh?
2. Naon nu nyababkeun timbulna DB (demam berdarah)?
3. Sato naon nu mawa virus dangué?
4. Reungit naon nu mawa virus dangué?
5. Naha nu biantara nyaritakeun hal DB?
6. Naon amanat tina éta biantara téh?
7. Kumaha siklus “perkembangbiakan” reungit dangué téh?
8. Kudu kumaha ngungkulanana lamun di imah hidep loba reungit?
9. Kumaha cenah cara ngabasmna reungit dangué téh?
10. Naon tarékah pamaréntah pikeun ngungkulan panyakit DB?



### C. Migawé Pancén

**Tuliskeun poko-poko eusi biantara nu diregepkeun tadi!**

Urang néangan harti kecap dina kamus babarengan jeung babaturan. Geus kitu, larapkeun kana kalimah!

- |                |               |
|----------------|---------------|
| 1. abaté       | 10. dicoco    |
| 2. foting      | 11. harééng   |
| 3. jentik      | 12. kamalir   |
| 4. lalening    | 13. megar     |
| 5. mendet      | 14. nalamburu |
| 6. ngeuyeumbeu | 15. pabalatak |
| 7. perkara     | 16. rabeng    |
| 8. sapaparat   | 17. tatalépa  |
| 9. trombosit   | 18. virus     |

### D. Ngabédakeun Biantara jeung Ceramah

Hidep kungsi nyaksian nu keur biantara?

Hidep kungsi nyaksian nu keur ceramah?

Kumaha sikep hidep mun keur ngaregepkeun nu biantara jeung nu ceramah? Regepkeun Ibu/Bapa Guru badé ngajelaskeun bédana.

Rupa-rupa biantara	Rupa-rupa ceramah
Biantara kampanye	Ceramah kaséhatan
Biantara perpisahan	Ceramah DB
Pidato 17 Agustus	Ceramah diaré

Sabada hidep ngaregepkeun nu biantara atawa nu ceramah di televisi, di radio, sacara langsung bandingkeun hal- hal ieu:

1. *Saha* nu biantarana atawa nu ceramahna téh?
2. Sebutkeun *naon* judul biantarana atawa judul ceramahna!
3. *Kumaha* cara nepikeun biantarana atawa ceramahna (misalna: leuleuy, tegas, pikaresepeun, jree.)

4. Tuliskeun gurat badag eusi biantarana atawa ceramahna!
5. Tuliskeun *iraha* sarta dina raraga naon biantarana atawa ceramahna téh?
6. *Dimana* tempat dilaksanakeunana biantarana atawa ceramahna téh?
7. *Ditujulkeun* ka saha biantarana atawa ceramahana téh?
8. *Naha aya amanat* nu kapanggih dina biantara atawa dina ceramahna téh?

## E. Nepikeun Biantara

Ieu di handap aya téks biantara. Pék baca heula dina jero haté, tuluy tepikeun deui di hareupeun babaturan.

*Assalamualaikum Wr. Wb.,*

Barudak sadaya kumaha saréhat?

Ngahaja Bapa ngumpulkeun murid-murid kelas 4,5 sareng kelas 6 di aula. Kelas 1,2,3 mah teu sina kumpul. Ké baé dipasih tugas, piwurukna ku wali kelasna masing-masing.

Maksud hidep sadaya dikumpulkeun téh nyaéta bakal aya nu masihan panerangan perkara kaséhatan ti petugas Kaséhatan Kacamatan . Patugasna parantos sumping. Teras ngadugikeun biantara.

### Ngajaga Kabersihan Lingkungan Sakola

*Assalamualaikum Wr. Wb.*

Murid-murid, daramang?

Murid-murid sadaya,

Kabersihan téh aya hubungan sareng kaséhatan. Lingkungan nu kalotor, bisa nimbulkeun ayana panyakit. Laleur ngagarimbung dina runtah. Laleur haliber ka bumi, areunteup dina piring tuangeun. Tuangeun nu aya dina piring janten kotor. Kumaha lamun katuang ku urang?Bisa nyeri patuangan, diaré, diséntri, nya?

Tuh, geuning janten teu damang!

Murid-murid sadaya!

Ruangan kelas kedah beresih. Bangku-bangku tong dicurat-corét. Gambar-gambar ogé teu daréngdék. Lanté kedah dipél. Mun sareungit, saha baé nu lebet ka kelas, matak betaheun. Reungit mah moal betaheun. Betaheunana di tempat nu kotor.

Sadaya warga kelas kedah ngajaga kabersihan. Sanés nu pikét baé, tapi sadayana ngajaga kabersihan.

Murid-murid sadaya,

Bapa tadi ka jamban murid. Bapa mendak kertas, plastik tilas bungkus tuangeun. Kitu deui, ka WC. Teu acan ari kotor sareng laleueur mah, mung masih kirang beresih.

Murid-murid,

Nu ngajaga kabersihan di pakarangan, di jamban téh sanes tanggung jawab Bapa pesuruh baé, tapi urang sadaya gé kedah mantuan.

Ayeuna , Bapa rék naros.

B : Kedah kumaha, sateuacan barang tuang?

M : Mencuci tangan, ngumbah panangan

B : Naha kuku panangan kedah diteukteukan?

M : Sabab kokotor lebet kana kuku

B : Tah, sadaya nu disebut tadi, kabersihan lingkungan sakola, lingkungan kelas, lingkungan jamban, sareng kaséhatan badan, diri, dijaga teras urang sadaya moal kakeunaan, terjangkau panyakit . Sadaya siap ngajaga kabersihan?

M : Siap!

B : Bapa ayeuna nyandak barang kanggo kabersihan; sapu nyéré, sapu kelas, pangépél, pewangi rohangan, lisol, émbér, elap panangan. éta sadaya sumbangan kanggo di sakola hidep.

M : Nuhun, Pa!

B : Tah, sakitu baé piwejang Bapa ka hidep sadaya.

*Wassalamualaikum Wr. Wb.*

## Ngajawab Pertanyaan

### Hayu urang ngajawab pertanyaan ieu di handap!

Mun geus dijawab, pék pariksa babarengan. Nyuhunkeun penjelasan ka guru.

1. Naon tema biantara nu ku hidep diregepkeun?
2. Saha nu biantarana?
3. Di mana éta biantara téh?
4. Naon eusi biantarana?
5. Naha biantarana ditujukeun ka murid-murid?
6. Naon amanat biantarana?
7. Kumaha pamadegan hidep sanggeus ngaregepkeun éta biantara?
8. Nu kumaha baé tarékah ngajaga kaséhatan téh?

## F. Nulis Biantara

Hayu urang migawé pancén nulis téks biantara patali jeung ngajaga kaséhatan masarakat. Pék diskusikeun heula jeung babaturan, dibingbing ku Ibu/Bapa guru

- Tah, prak baé susun heula ku hidep téks biantara tina bahan bacaan “Nguatkeun Huntu”
- Pilih nu perlu dibiantarakeun baé

### Nguatkeun Huntu

(ku: Grg. Rina Mulyani Kuryana)

Kaséhatan huntu jeung baham téh pohara pentingna, lantaran raket pisan jeung kaséhatan awak sakujur. Buktina, mun urang nyeri huntu, dahar jadi teu ngeunah, saré teu tibra, barang gawé teu jongjon.

Tina riset kaséhatan dasar taun 2007 kapanggih 72,1% urang Indonesia téh keuna ku kariés huntu. Hanjakal, nu tatamba jeung dirawat ku tanaga kaséhatan ukur 29,6%. Éta nétélakeun tingkat kasadar jeung



tingkat utilitas masarakat kana layanan tanaga médis kaséhatan gigi héngkéér kénéh. Umumna masarakat leuwih babari meuli obat nyeri huntu di warung bari teu mariksakeun huntuna ka dokter gigi.

Kariés huntu téh panyakit inféksi nu geus dipikawanoh ti jaman baheula. panyakit nu ngaruksak wangunan huntu ngabalukarkeun huntu jadi bolong. Kariés huntu ngawengku jaringan huntu ti mimiti émail huntu nepi kana déntin (tulang huntu). mun teu gancang diberesihan jeung teu buru-buru ditambah, kariés bakal terus nepi ka rohangan pulpa nu dieusi ku pembuluh saraf jeung pembuluh darah, antukna ngadatangkeun rasa nyeri, ahirna huntu jadi paéh.


Nu ngabalukarkeun kariés: kahiji wangunan huntuna nu teu puguh susunanana jeung ciduh nu réa bari kentel. kadua, ayana baktéri nu ngalantarankeun kariés. Tah baktéri asam, sésa kadaharan jeung ciduh bakal ngawangun lapisan liket nu napel kana huntu. Ieu lapisan disebutna plak. Plak bakal kabentuk dina dangka 20 menit sabada dahar. Zat asam dina plak bakal ngalantarankeun kari-és. Katilu, kadaharan nu dikonsumsi: kadaharan nu téréh liketna jeung napel dina huntu.

Lian ti hal éta, aya deui nu bisa ngabalukarkeun kariés téh, kayaning darajat kabersihan baham, frékwensi dahar, umur tur jenis kelamin, katarajang panyakit cara kencing manis jeung TB, sarta sikep/paripolah dina miara kaséhatan huntu.

*(Dicutat sabagian tina Cupumanik, édisi Méi 2012 no 106, kaca84-85)*



Sumber: m.merdeka.com



Tah ieu polana atawa baganna.

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Salam bubuka

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Ngagentra nu hadir,  
nyebut judul biantara

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Bagian awal

\_\_\_\_\_

Ngagentra nu hadir

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Bagian tengah  
(eusi biantara)

\_\_\_\_\_

Ngagentra nu hadir

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Bagian ahir (bisa aya  
kacindekan)

\_\_\_\_\_

Ngagentra nu hadir

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Salam panutup

## Ngajawab pertanyaan

Urang ngajawab pertanyaan ieu di handap.

1. Saha nu nyusun bahan biantara?
2. Naon inti/gurat badag bahan biantara?
3. Kudu kumaha urang miara kaséhatan huntu?
4. Dimana dokter gigi prakték?
5. Catét kecap-kecap nu digunakeun dina widang kedokteran gigi!

Geus bérés nulis biantara, bacakeun di hareupeun kelas. Bagilir baé saurang-saurang.

## G. Ngajembaran Kaweruh Biantara

Ieu di handap aya deui bahan biantarakeuneun. Pék baca deui dina jero haté, tuluy tepikeun deui di hareupeun babaturan.

### Biasakeun Ngumbah Leungeun Disabunan



Sumber: [www.rsiafamily.com](http://www.rsiafamily.com)

Ngumbah leungeun disabunan téh kacida pentingna pikeun nyinglar panyakit nu nerekab saperti infeksi saluran pernapasan “akut”, nu sok jadi deui, influenza, jeung diaré. Tapi, kasadaran jeung kanyaho barudak kana hal éta masih can biasa.

Kagiatan ngumbah leungeun disabunan téh keur barudak mah kacida pentingna, kawas kolot-kolotna. Kitu, nu ditétélakeun ku pejabat kaséhatan. Cék pamanggihna, 25% panyakit diaré kusabab toilét teu beresih. Sakaluarna ti jamban, kamar mandi, jalma-jalma téh tara ngumbah leungeun disabunan, nerekabna panyakit diaré kacida gancangna.

Éta pejabat nétélakeun, aya lima waktu penting pikeun barudak ngalaksanakeun ngumbah leungeun disabunan téh saméméh sarapan, saméméh dahar, waktu peuting, jeung waktu kaluar ti *toilet*. Keur jalma déwasa mah saméméh dahar, sakaluarna ti *toilet*, saacan nyadiakeun dahareun, sanggeus ngaganti popok orok, jeung sanggeus nyekel ingon-ingon.

Ceuk éta Pejabat Kaséhatan kénéh, ngumbah leungeun disabunan téh hal nu kacida sederhanaana, tapi kacida pentingna. Biayana murah, jeung deui bisa jadi kabiasaan masarakat. Salian ti éta muga-muga baé kabiasaan ngumbah leungeun disabunan téh lian ti dipilampah ku murid-murid sakola dasar, bisa diajarkeun ka murid TK jeung PAUD.

*(Disarungsum tina: “Biasakan Cuci Tangan Menggunakan Sabun”,  
Pikiran Rakyat, 30 Oktober 2013)*

### Ngajawab pertanyaan

#### Urang ngajawab pertanyaan, yu!

1. Ngumbah leungeun disabunan kacida pentingna, naha?
2. Saha nu kudu ngumbah leungeun disabunan téh?
3. Iraha “lima waktu penting” ngumbah leungeun téh?
4. Naon sababna, ngumbah leungeun disabunan disebut kagiatan sederhana?
5. Ari hidep kungsi ngalaksanakeun program ngumbah leungeun disabunan?

Pék baé ku hidep sebutan kabiasaan nu dipilampah, nu matak séhat kana awak.

### H. Ngahariringkeun Kawih

Ieu di handap aya kawih. Pék baca heula dina jero haté, tuluy hariringkeun babarengan.



## Miceun Runtah

Karya: Amas Tamaswara

*Miceun runtah sing merenah*

*Entong dimana daékna*

*Dina lombang nu geus aya*

*Mun geus pinuh geura duruk*

*Lamun rajin reujeung apik*

*Moal dikuntit panyakit*

*Katempona teu rarujit*

*Matak betah tumaninah*


(Dicutat ti: Pandai Karawitan, SD Kls 6,  
Syahroni, S. Sn., dkk. )

### Ngalenyepan rumpaka kawih

Éta kawih téh diwangun ku rumpaka lagu (sajak bebas). Sanajan, dua pada ("dua bait"), diwangun ku opat padalisan ("baris atawa jajaran") tapi sanes sisindiran, da teu diwangun ku dua baris cangkang ("sampiran"), jeung ku dua baris eusi. Kitu deui, sora panungtungna teu murwakanti jiga dina sisindiran (a - b - a - b). Rumpaka kawih di luhur, unggal jajaran diwangun ku 8 engang (suku kata)

### Urang tengetan

1. Pada kahiji, jajaran hiji, aya sora *a* dina *tah*, runtah jeung *nah*, merenah  
jajaran dua, aya sora *ma*, *na*, *na*  
jajaran tilu, aya sora *na*, *a*, *ya*  
jajaran opat, aya sora *mun*, *u*, *du*, *uk*, *u*

- 
2. Pada kadua, jajaran hiji, aya sora *i*, sora dina *rajin*, *apik*  
jajaran dua, sora *i* dina *dikukuntit*, *panyakit*  
jajaran tilu, sora *i* dina *rarujit*  
jajaran opat, sora *a* dina *matak*

Kawih di luhur eusina ngeunaan hal kabersihan lingkungan nu betah, tumaninah. *Rumpaka* lagu, atawa *sajak* dina pangajaran basa Sunda téh kagolong pangajaran sastra

### Urang néangan conto séjén.

Pék baé hidep néangan sorangan rumpaka lagu, tuduhkeun nu disebut pada, padalisan, jeung purwakanti

## I. Nembang jeung Ngahariring

### 1. Nembangkeun Pupuh

Ieu di handap aya pupuh asmarandana ngeunaan kabersihan jeung kaséhatan.

#### Pupuh Asmarandana

*Éling-éling murangkalih*  
*Kudu apik jeung berséka*  
*Ulah odoh ka panganggo*  
*Mun kotor geuwat seuseuhan*  
*Soéh geura kaputan*  
*Ka nu buruk masing butuh*  
*Ka nu anyar masing lebar*

## 2. Ngaharingkeun Sisindiran

### Prak hariringkeun!

1. *Uyah toko sarampadan  
susuk diwadahan kendi  
ulah poho nyéka badan  
soré isuk kudu mandi*
2. *Koréd parang lain timah  
ulah dikanabatuken  
naon nu urang teu ngeunah  
ulah sok dikabaturken*
3. *Munding meuntas kana rakit  
opatan anu mawana  
mending ngajaga kasakit  
tibatan ngubaranana*
4. *Neundeun batu dina upih  
angeun piritan peucutan  
ngosok huntu sing beresih  
kuku kerikan keureutan*

*(Tina : Sisindiran, R.E. Bratakusumah sareng Mas Adinata)*

Pék baé diskusikeun jeung babaturan. Resep geura macana dikawihkeun jeung babaturan. Silih témbal! Mun teu ngartos taroskeun ka guru. Lenyepan aya papatah naon keur hidep?

### J. Migawé Pancén Ahir

Pancén individu (mandiri), bisa dipigawé di imah baé.

Pilih ku hidep tugas mandiri ieu:

1. nyusun bahan biantara nu témana kaséhatan
2. nyusun sisindiran lobana 5 pada baé, nu patali jeung kaséhatan
3. nyieun pupuh (kinanti /durma/ asmarandana), lobana 3 pada nu patali jeung kaséhatan

## Daptar Pustaka

Cupumanik, Majalah. September 2010.

Cupumanik, Majalah. Mei 2012

Galuru, Tabloid. Edisi Oktober 2013

Karana, Rahmat M. Sas. 1966. *Ombak Laut Kidul*. Bandung: Cupumanik

Koko, Mang. [tt]. *Bentang Sulintang Kawih Sunda*. Bandung; [tp]

Koko, Mang jeung P. Nataprawira. 1983. *Seni Swara Sunda Lagu-Lagu Pupuh*. Bandung: Mitra Buana

LBSS. 1975. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Taraté

Mangle, majalah. 2013. No. 2439.

Mulyono, Iyo,dkk. 1979. *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Depdikbud

Pikiran Rakyat, koran. 21,22,24,31 Oktober 2013

Rosidi, Ayip. 2002. *Sajak Sunda*. Bandung: Kiblat

Rangkuti, RE. 1984. *Lagu-Lagu Daerah*. Jakarta: Titik Terang

Rusyana, Yus. 1978. *Panyungsi Sastra*. Bandung:Gunung Larang

Syahroni, dkk. *Pandai Karawitan Sd Kelas 6*. Bandung: Andira

Tamzah, Budi Rahayu, dkk. 1994. *Babasan Jeung Paribasa*. Bandung: Pustaka Setia